**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİQ PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**TARİYX FAKUL`TETİ**

**TARİYX OQITIW METODİKASI KAFEDRASI**

**4 A KURS TARİYX OQITIW METODİKASI BAKALAVR TA`LIM BAG`DARI TALABASI**

**ALİMBAEV EKRAM XOJABAEVİCh**

**TARİYX PA`NLERİN OQITIWDA MA`LİMLEME TEXNOLOGİYaLARINAN PAYDALANIW USILLARI**

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

**Ilimiy basshi:**
**dots. Axmetshin R.Sh.**

No`kis - 2016

**MAZMUNI**

**Kirisiw……………………………………………………………….4**

**1-bap. Tariyx pa`nlerin oqıtıwda ma`limleme texnologiyalardın` a`hmiyeti …………………………………………………………..………. 9**

**1.1. Ma`limleme texnologiyası tu`sinigi ha`m ta`lim ta`rbiya islerindegi roli …………………………...………………..………………9**

**1.2. Tariyx oqıtıwda ma`limleme texnologiyalarının` a`hmiyeti…………………………………………………..……………..19**

**2-bap. Tariyx pa`nlerin oqıtıwdı jetilistiriwde ma`limleme texnologiyalarinan paydalanıw ……………………..……….…………33**

**2.1. Sabaqqa tayarlanıw ha`m onı sho`lkemlemlestiriwde ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usılları……………………………………..33**

**2.2. Tariyx oqıtıwdı jetilistiriwde komp`yuter imkaniyatlarınan paydalanıw usılları……………………..……………………..…..…..…40**

**Juwmaqlaw…………………………………………..……………50**

**Paydalang`an a`debiyatlar………………………………….………52**

# KİRİSİW

Bilimlendiriw dizim joqarı sapag`a ko`teriw ha`m de ma`mlektimizde a`melge asırılıp atırg`an teren` ekonomikalıq ha`m sotsiallıq reformalar rawajlang`an demokratiyalıq ma`mleket qurıw talaplarına juwap beretug`ın kadrlar tayarlawdı ta`miyinlewde ha`zirgi zamanag`oy texnologiya jan`alıqların ha`m xabarlandırıw, innovatsiyalıq usıllardan paydalanıw u`lken a`hmiyetke iye.

Ha`zirge ku`nde «Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlaması»n orınlawdın` u`shinshi basqıshı oqıw ta`rbiya islerine u`lken itibar berilip, bir talay jumıslar islenbekte. A`sirese jaslarımızdı jetik insanlar etip jetilistiriw, bilimlendiriw ha`m ta`rbiyalawda oqıtıwdın` jan`a texnologiyaların engiziw, zamanago`y sabaqlar o`tiw wazıypası qoyılmaqta.

Ko`p jıllar dawamında mekteplerde, orta ha`m joqarg`ı oqıw orınlarında Tariyx pa`nin oqıtıwdın` usılları ha`m metodları jetilistirilip barıldı ha`m aldıng`ı ta`jiriybeler toplandı .

**Temanın` aktuallıg`ı:** Bakalavr jumısında tariyx pa`nlerin oqıtıwda ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usılları ha`m tariyx pa`nlerin oqıtıwdın` sapasın jaqsılaw, kadrlar tayarlawda onın` a`hmiyetinin` artıp barıwı ma`selesi jeterli da`rejede u`yrenilmegeni ushın aktual ma`sele bolıp esaplanadı.

**Bakalavr isinin` maqseti:** Bilimlendiriw dizimin joqarı sapag`a ko`teriw, rawajlang`an demokratiyalıq ma`mleket qurıw talaplarına juwap beretug`ın kadrlar tayarlaw barısında tariyx pa`nlerin oqıtıwda ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usılları boyınsha jan`a mag`lıwmatlar menen tolıqtırıw bul jumıstın` maqsetin bildiredi.

**Bakalavr isinin` wazıypası:** xalıq bilimlendiriwi kadrlar tayarlawda tariyx pa`nlerin oqıtıwdın` sapasın jaqsılawda ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usılları, boyınsha jan`a mag`lıwmatlar menen tolıqtırıw bul jumıstın` maqsetin bildiredi.

**Temanı izertlew ob`ekti** – tariyx pa`nlerin oqıtıwda informatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıw usılları, tu`sinikleri, texnologiyalardın` qa`liplesiwi, oqıtıwdın` jan`a texnologiyaları, jetilisken insanlardı ta`rbiyalawda, og`an bilim beriwdegi izertlewler ob`ekt bolıp esaplanadı.

**Temani izertlew metodları –** bul bakalavr isi teması boyınsha dereklerdi ha`m a`debiyatlardı xalısana u`yreniw, xronologiyalıq, sistemalılıq, salıstırmalı metodlar, usıllardan paydalanıp analizlew ha`m materialdı logikalıq izbe-izlikte bayanlap jazıw.

**İzertlew derekleri.** bakalavr isin jazıw barısında dereklerden en` ahmiyetlisi, metodologiyalıq ahmiyetke iye Prezidentimiz İslam Karimovtın` miynetlerinde ma`limleme, axborot texnologiyaları, jan`a informatsiyalıq, texnologiyalar ha`m olardın` ja`miyetimiz, ma`mleketimiz, ta`lim-tarbiya, jaslar ma`nawiyatındag`ı a`hmiyeti, sol ma`seleleri boyınsha pikirleri, ko`rsetpeleri, hu`kimet qararları, ilimiy-metodikalıq a`debiyatlar, baspaso`z materialları ha`m basqa da mag`lıwmatlardı paydalanıw.

**İzertlewdin` ilimiy jan`alıg`ı** – Tariyxıy a`debiyatlar, baspa materialları, basqa da tariyx pa`nlerin oqıtıwda ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usıllarına tiyisli dereklerdi tariyxıy pa`nlerdi, oqıtıw metodikası ha`m jan`a texnologiyalardan paydalanıw, usıg`an tiyisli bolg`an jan`a mag`lıwmatlardı tabıw, bakalavr bag`darında qollanıw.

**A`meliy a`hmiyeti** – tariyx pa`nlerin oqıtıwda ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usılları, usı temadag`ı paydalanılg`an tariyxıy mag`lıwmatlar

Tariyxıy pa`nlerin oqıtıwda, metodikalıq qollanbalar, ko`rsetpeler, tarqatpa materiallar islep shıg`ıwda a`meliy a`hmiyetke iye boladı .

O`zbekistan Respublikası Prezidenti İ.Karimov O`zbekistanda 2016-jıldın` 19-yanvarında bolıp o`tken Ministrler Kabinetinin` ken`eytilgen ma`jlisinde so`ylegen bayanatında «ma`limleme-kommunikatsiya

texnologiyalarının` rawajlanıwı elimizdin` ba`sekige shıdamlılıq da`rejesine ta`sir ko`rsetiwin, u`lken ko`lemde ma`limleme toplaw ha`m onı ulıwmalastırıw imkaniyatın beretug`ın, basqarıwdı strategiyalıq da`rejede sho`lkemlestiriw ushın ken` imkaniyatlar ashıp beretug`ının umıtpawımız za`ru`r»ligin ayırıqsha atap o`tken edi. Bu`gingi ku`nde ilim izertlew, bilimlendiriw, xalıqtın` ma`deniyatı, ma`nawiyatı, ko`rkem o`neri ha`m basqa da tarawlardag`ı talapların za`ru`rliklerin esapqa alg`an tu`rde ma`limleme-kommunikatsiyalıq ha`m informatsiyalastırıw texnologiyalarına ken` tu`rde paydalanılmaqta. XX - a`sirde informatsiyalıq, ma`limleme, xabar, texnologiyaları tez pa`tler menen rawajlanıp atır. Ha`r bir puxara, jaslar, kekseler de ma`limleme ortalıg`ında jasap atır. O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyasının` 29-stat`yasında: Ha`r kim pikirlew, so`z ha`m isenim huquqına iye. Ha`r kim o`zi qa`legen mag`lıwmattı izlew, alıw ha`m onı tarqatıw huquqına iye, a`meldegi konstitutsiyalıq du`zimge qaratılg`an mag`lıwmat ha`m nızamlar menen belgilengen basqa sheklewler bunnan tısqarı.[1]

Temanın` aktuallıg`ın esapqa alıp derekler menen tanısıp analizlep ko`rgenimizde, en` a`hmiyetlisi Prezidentimiz İslam Karimovtın` miynetleri metodologiyalıq ahmiyetke iye, sonday-aq ma`mleketimiz basshısının` g`a`rezlik jıllarında bilimlendiriw, ta`lim-ta`rbiya, jaslar ma`nawiyatın bolg`an u`lken itibarı, ka`mil insandı ta`rbiyalaw ma`seleleri boyınsha pa`rmanları, qararları biybaha pikirleri, ko`rsetpeleri u`lken a`hmiyetke iye.

Ha`zirgi da`wirdegi ma`limleme texnologiyaları, axborot texnologiyaları, jan`a ma`limleme informatsiyalıq, pedagogikalıq texnologiyalar ha`m olardın` ja`miyetimiz, bilimlendiriwde ken` tu`rde paydalanıw, bul ma`seleler boyınsha O`zbekistan Respublikası hu`kimeti ha`m xalıq bilimlendiriw ministrligi bul bag`darda ko`plegen qararlar nızamlar, hu`kimet qararları qabıl etildi, informatsiyalıq texnologiya ha`m onı paydalanıw boyınsha normativ, huquqıy

---

[1] O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyası. -T. : O`zbekiston, 2012-bet

hu`jjetler, standartlar, ilimiy-metodikalıq a`debiyatlar, oqıw-metodikalıq qollanbalardı islep shıg`ıldı. Ma`limleme texnologiya tarawının` huquqıy negizleri jaratılıp atır. O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyasının` 67-stat`yasında, «Ommoviy axborot vositalari erkindirlar va qonunga muvofiq ishlaydi. Ular axborotning to`g`riligi uchun belgilangan tartibda javobgardirlar»[2].

2003-jılı 11-dekabr`de O`zbekistan Respublikasının` «Axborotlashtirish to`g`risida» Nızam qabıllanıp, onda informatsiyalastırıw, ma`limleme resursları ha`m informatsiya sistemasınan paydalanıw tarawındag`ı qatnasıqlardı ta`rtipke salıw maqset etip qoyılg`an ha`m onda informatsiyalastırıw tarawındag`ı ma`mlekettin` siyasatı bag`darları belgilep beriledi.

Sonday-aq O`zbekistan Respublikası Ministrler Kabineti 2001-jıl 23-mayda «Respublikamızda, komp`yuterlıq ha`m informatsiyalıq texnologiyalardın` bag`darlamaların islep shıg`ıwdı sho`lkemlestiriw ila`jları ha`m İnternet informatsiyalıq diziminen na`tiyjeli tu`rde paydalanıw tuwralı» qararı qabıl etildi.

2002-jılı 6-iyun`de «Komp`yuterlestiriwdi ja`ne de rawajlanıwın ta`miyinlew, ha`m kommunikatsiyalıq-informatsiyalıq texnologiyalardı turmısqa engiziw ila`jları haqqında» qararı u`lken a`himiyetke iye boldı.

2006-jılı 20-iyun`de O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` «Respublika puxaraların ma`limleme-kitapxana menen ta`miynlewdi sho`lkemlestiriw tuwralı» qararı kitapxanalar jumıslarında, olardın` tarawlarındag`ı a`debiyatlar, jurnallar, gazetalar, zamanago`y mag`lıwmatlar resursların o`zinde ja`mlegen SD diska, audio, video kasseta korinisindegi elektron kitaplar menen, İnternet tarmaqlarlarınan paydalanıwı ushın za`ru`rli sharayıtlar jaratıldı. Prezidenttin` bul qararın orınlaw boyınsha birqansha jumıslar islendi. Respublika boyınsha bul qararg`a muwapıq ha`mmesi bolıp

---

[2] O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyası. T., 2012-yil, bet 13

1187 orında axborot-kitapxana ha`m ma`limleme-resursların sho`lkemlestiriw isleri ju`rgizildi.

2011-jılı 4-martta Oliy Majlistin` Nızamshılıq palatası ta`repinen «Axborot kutubxona faoliyati to`g`risida Nızamı qabıl etilgennen keyin, 2011-jıldın` 25-martında Senat ta`repinen maqullandı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` on u`shinshi sessiyasında «Ma`limleme kitapxanalıq jumıs haqqında» Nızam»ı 2013-jılı 5-iyul`de qabıl etildi.

**Bakalavr isinin` du`zilisi** – Bul tema kirisiw, eki bap, ha`r birinde eki paragraf, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlardan ibarat.

## 1-bap. Tariyx pa`nlerin oqıtıwda ma`limleme texnologiyalardın` a`hmiyeti

### 1.1. Ma`limleme texnologiyası tu`sinigi ha`m ta`lim ta`rbiya islerindegi roli

G`a`resizlıq jıllarında sabaq protsessine jan`a zamanago`y pedagogikalıq texnologiyalar belsendilik penen engizilip, onın` na`tiyjeleri shıg`arıp atır. Bu`gingi ku`nde tariyx pa`nlerin oqıtıwdın` na`tiyjeligin ha`m sapalalag`ın arttırıw da`wir talabı. Ha`r bir pa`n mug`alliminen ta`lim ta`rbiya protsessin optimal yag`nıy qolaylı variantların islep shıg`ıp, zamanago`y oqıtıw usıllarınan ken` tu`rde paydalanıwdı talap etedi. Sonın` ushın da tariyx pa`nlerin oqıtıwdın` ha`zirgi zaman texnologiyası negizinde «O`zbekistan tariyxın» o`tiwde onın`, a`hmiyeti ku`ta` za`ru`rli mashqalalardın` biri. Tariyx pa`nlerin oqıtıwdın` metodları ha`m jan`a zamanago`y oqıtıwdın` pedagogikalıq texnologiyaların qollanıwdın` metodları ha`m metodologiyasına baylanıslı wazıypalar belgilep alınıwı za`ru`r.

Oqıwshılarda tariyxıy tu`sinikler, tariyxıy faktler ha`m tariyxıy bilimlerdi qanshelli bay, ra`n`-ba`ren` ha`m sistemalasqan tu`rde, jan`a zamanago`y texnologiyalar ja`rminde jetkerip ha`m qa`liplestirip bayıtıp barsaq, sonshelli bul ko`nlikpe ha`m bilimlerdi o`zlestiriwi artıwı ja`ne de jetilip, teren`lesip baradı. Tariyxıy bilimlerdı iyelep, o`zlestirip alıw protsessinde oqıwshılarımızda tariyxıy yadnama, og`an bolg`an qızıg`ıwshılıq ta artadı. Sonlıqtanda tariyx pa`nleren oqıtıwdın` jan`a pedtexnologiyasının` tiykarg`ı wazıypaların ulıwmalastırılg`an tu`rle to`mendegishe bayanlaw mu`mkin:

- Tariyx pa`nin oqıtıwdı jetilistiriwdin` zamango`y texnologiyaların qollanıw, metodikasın teren`irek biliw ha`m ko`nlikpelerge erisiw.

- Tariyx pa`nlerin oqıtıwda arnawlı tariyxıy, ulıwma pa`nler ha`m basqa da pa`nlerdin metodlarınan ha`m olardı analizlewden paydalanıw.

-Oqıw protsesin texnologiyalastırıwda didaktikalıq ma`selelerdı belgilew.

- Tariyx pa`nlerin oqıtıwdı modellestiriw, komp`yuterlestiriw, ma`limleme xabarlandırıw qurallarınan ken` tu`rde paydalanıwdı u`yreniw h.t.b.

Tariyx mug`allimi o`zinin` pedagogiyalıq jumısında ilimiy bilimlerdin` tez pa`t penen o`sip barıwın a`lbette esapqa alıwı za`ru`r, sebebi, psixolog ilimpazlar ilimiy texnikalıq progress, xabarlandırıw-informatsiya quralı (internet, televideniye, radio, qol telefon, komp`yuter, eletron pochta) ha`wij alıp baratırg`an ha`zirgi waqıtta oqıwshı jaslarımız akseleratsiya yag`nıy balalar rawajlanıwının` tezlıq pa`ti menen aqılıy ha`m fizikalıq o`siwshiligine ku`shli ta`sir etip atırg`anın atap o`tpekte. Rasında da ha`rdayım jaslarımız ha`r tu`rli informatsiyalıq texnologiyadan paydalanıp, du`n`ya jan`alıqlarınan xabardar boladı. Bunın` o`zi tariyx oqıtıwshısına u`lken talaplar qoyadı, sol talaplardı pa`n oqıtıwshılırı orınlawı ushın:

- Ma`mleketimizde bazar ekonomikasına o`tiwge baylanıslı ha`m demokratiyalıq puqaralıq, ja`miyet qurıw ushın bag`darlar ekenbiz, jaslarımızdın` tariyxqa qızıg`ıwshılıg`ın ha`r ta`repleme arttırıw – sabaqtı tu`sindiriwde a`piwayılıq ha`m konkretlıq jan`a pedtexnologiya ha`m xabarlanırıw texnologiyalarınan o`nimli paydalanıw, tariyxıy sanasın ha`m bilimlerin bayıtıp ha`m jetilistiriwdin` en` jan`a usılı Tariyx pa`nin oqıtıw metodikası bul oqıtıw mazmunının` ajıralmaytug`ın ha`reket forması. Biraq oqıtıw metodların, pa`nnin` mazmunınan ajıralg`an tu`rde qaraw mu`mkin emes, sonlıqtan pa`ndi oqıtıw metodları menen oqıtıwdın` pedagogikalıq texnologiyalarının` o`zine ta`n o`zgeshelikleri boladı.

**Pa`ndi oqıtıw metodı** - bul oqıtıwshı menen oqıwshının` bilimlendiriw mazmunın o`zlestiriwge qaratılg`an belgili izbe-izlikte islegen ha`reketler dizimi.

**Pedagogikalıq texnologiya** - degenimiz belgili joybar negizinde sho`lkemlesetug`ın, anıq maqsetli, sol maqsettin` na`tiyjesin qa`liplestiretug`ın, pedagogikalıq iskerlıq protsesinin` mazmunı.

Tariyx pa`nlerin oqıtıw metodikasın qa`liplestiriw ha`m jetilistiriw arqalı tariyx sabaqlarının` sapasın jaqsılaw, na`tiyjeligine erisiw pa`nnin` maqseti ha`m wazıypasına muwapıq metodları, usılları, formaların, optimal variantların, texnologiyaların islep shıg`ıw ha`m paydalanıwdı talap etiledi.

**Sabaqtın` oqıtıw usılları** - sabaq protsesinde ta`lim-ta`rbiya ha`m oqıwshılardın` jetik insan bolıp rawajlanıwın ta`miynleytug`ın, onın` unamlı na`tiyjesine erisiw, h.t.b. ilimiy teoriyalıq ha`m didaktikalıq na`tiyjeler kompleksin tu`siniledi. Tariyx sabaqlarının` usılları, metodları, formaları ha`m tu`rleri haqqında ko`plegen anıqlamalar bar. Solardın` ayırımlarına toqtap o`teyik. Ulıwma metodlar sisteması awızeki, ko`rgizbeli, tekstler menen islew ha`m texnikalıq qurallardan paydalanıw arqalı sabaqlar o`tiwge bo`linedi.

İlimpaz-metodist V.G.Kartsev tariyx oqıtıw metodikasında tariyxıy oy-pikir ha`m tu`siniklerdi qa`liplestiriw usılların 5 toparg`a bo`lip u`yreniwdi usınadı:

1. Tariyxıy pikirlew ha`m tu`siniklerdi qaliplestiriw metodları;
2. Ulıwma tu`siniklerdi qa`liplestiriw metodı;
3. Waqıt ha`m ken`islikte tariyxıy rawajlanıw dialektikasın ashıp bahalaw metodı;
4. Tariyxtı zamanago`y waqıyalar menen baylanıstırıw metodları;
5. Tariyxıy bilimlerdi turmısta ha`m a`meliyatta qollanıw metodları.

İlimpaz P.S.Leybengrub tariyxtı oqıtıwda gu`rrin`lesiw, lektsiya, bayanlaw, sa`wbetlesiw, ko`rgizbelilik, sabaqlıq penen islesiw, tariyxıy hu`jjetler menen islesiw, ko`rkem a`debiyatlardan paydalanıw metodların atap o`tedi. Ataqlı ilimpaz, tariyxshı, ko`plegen oqıwlıqlar avtorı P.S.Vagin metodlardın` ishinde:

I. Janlı so`z, gu`rrin`, analiz, xarakteristika, mashqalalı bayanlaw,

II. Ko`rgizbeli metodlar,

III. Tekstler menen islesiw metodlarınan paydalanıwdı usınıs etedi. Bunnan tısqarı Shatalov, Amonashvili, Yu.K.Babanskiy, P.A.İl`ina, V.M.Monaxov,

İ.Xarlamov, Tashpulatov, Gaffarov, h. t. b. metodlar tuwralı minetleri ha`m ideyaları u`yreniwge ılayıq.

A`lbette, bul metodlar ha`m usıllar waqıt imtixanlarınan o`tip, oqıtıwshılardın` is ta`jiriybesinde ken` tu`rde sınap ko`rilip qollanıp kelingen edi. Ha`zirgi zamanago`y metodlardın` jetilistiriliwi ha`m texnologiyalarının` o`siwi menen bul metod ha`m usıllardın` jan`asha tu`s alıwına da gu`man joq . Oqıtıw metodlarının` ayırımları haqqında so`z etpekshimiz.

Joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınları oqıtıwshıları talabalardın` tan`lap alg`an qa`nigeligi boyınsha ilimnin` tiykarların o`zlestiriwdi ta`miynlep qalmastan, aqıl, oyın, bilimin ken`eytken tu`rde ha`m o`zbetinshe erkin pikirlew uqıbın, ko`nlikpelerin qa`liplestirip baradı. Tariyxtı teren`irek u`yreniwdi ta`miynleytug`ın **da`stu`riy ha`m da`stu`riy emes metodlar** ha`m usıllardan paydalanıw a`meliyatta qollanıladı. Tariyxıy faktlerdi, waqıyalardı ha`m qubılıslardın` mazmunın oqıtıw ha`m u`yretiw barısında jan`adan qollanılatug`ın **«Qarama-qarsı mu`na`sibet bildiriw»** metodınan paydalanıw mu`mkin. Talaba neni bilmeytug`ın edi, onı qalay biliwi kerek? Bul ma`selege mu`na`sibeti basqashama? Pikirge qarsı pikirin aytıwı kerekpe? Juwmag`ında nege erisiwi kerek? Pa`n mug`allimi bul sorawlarg`a durıs juwaptı tabıwda talabalarg`a temanı tu`sindiriw, oqıtıw barısında ja`rdemlesedi. Bul metodtın` wazıypası tariyxıy qubılıslardı u`yreniw, waqıyalardın`, protseslerdin` mazmunın ashıp beriwdin` barısında qarama-qarsı yamasa talabanın` o`z jeke mu`na`sibetin, pikirin bildiriwge uqıbın o`siriw, olardın` tiykarında qanday nızamlar jatatug`ınlıg`ın, qanday qubılıslar menen baylanıslıg`ın anıqlawdan ibarat.

Bir qatar faktlerdin` mazmunın tu`sindirip, lektsiya temasın bayanlaw barısında, onı toqtatıp, Sizler ne menen tanıstın`ızlar, qubılıs penen be yamasa mazmundı ashıw menen be?- dep mashqalalı soraw qoyıladı. Tapsırmanı orınlap barıwda talaba erkin pikirlewge u`yrenip, o`z betinshe tariyxıy qubılıslar haqqında mu`na`sibetin bildiriwi mu`mkin. Bunday jan`a oqıtıw usılınan

paydalanıw belgili na`tiyjelerin beriwi so`zsiz. Ja`ne de talabalar qosımsha neni bilip alıwı kerek? Bul metodta mug`a`llim tariyxıy qubılıslar, waqıyalar, o`zgerisler, mashqalalardın` sheshiliwi ma`selesine, onın` mazmunın ashıwa itibardı ku`sheytiwi kerek.

Tariyx pa`nlerin oqıtıw barısında talabalardın` o`z betinshe pikirlewin o`siriw ushın to`mendegi usıllardan paydalansa boladı:

1. **Analiz usılı:** O`z betinshe pikirlew barısında yadın`ızdag`ı waqıyanı sostav bo`leklerge bo`lin`iz, baslı belgilerdi, qarama-qarsı ta`replerdi ajıratıp shıg`arın`ız. Onı ajıratıw ushın sxema formasında sızıp, bir ta`repine unamlı, ekinshi ta`repine unamsız qubılıslar, ma`selelerdi jazıp analiz islenedi.

2. **Sintez usılı:** Talaba pikirlegende biletug`ın waqıyalardın` baslı belgilerin biriktirip, ha`r qıylı ta`repleri arasındag`ı baylanıstı, qarama-qarsılıqlardı anıqlaydı.

3. **Salastırıw usılında:** Belgili faktlerdi jan`a faktler menen salıstıradı, uqsaslıq ha`m ayırmashılıq belgilerin tabıwg`a ha`reket etedi. Bul usıllardı qollanıw ushın to`mendegi tablitsanı paydalanamız.

| **Usıllar atı** | **Qollanılıwı** | **Ayırmashılıg`ı, faktler keltiriw** |
|---|---|---|
| Analiz usılı | Mashqala, ma`sele | Fakt, da`lil, o`zgesheligi |

Jaslarımızdın` qa`biletine qarap do`retiwshilik iskerligin o`siriw, tariyxıy pa`nlerdi oqıtıw barısında o`zinin` jaqsı na`tiyjesin beretug`ın **da`sturiy metod**larınan esaplanatug`ın: gu`rrin`, sa`wbet, awızeki bayanlaw, lektsiya, a`meliy, ko`rgizbeli, seminar, laboratoriyalıq is h.t.b. atap o`tsek boladı. Sonday-aq talabalarg`a sabaqtan tısqarı o`zbetinshe jumıs, esse, referat, tariyxıy xronika ha`m basqa da jeke tapsırmalar ha`m temalardı qa`biletine qarap usınıw, bunday islerge qatnasatug`ın oqıwshılardı barqulla xoshametlep barıw kerek. O`zbetinshe islew talaba ha`m oqıwshılardı g`a`rezsiz erkin pikirlewge, do`retiwshilikke

bag`dar alıwına, bilimlerdi alıwg`a umtılıwshılıg`ın ha`m qa`biletin o`siriwge ja`rdemlesedi.

**Metod** tu`sinigi (grekshe metodus-izertlew yamasa biliw jolı, teoriya, ta`liymat) waqıyalardı a`meliy yamasa teoriyalıq o`zlestiriw jıyındısı.

**Metod** – adamnın` a`meliy iskerligi tiykarında qa`liplesedi. Pa`nlerdin` metodının` mazmunın yamasa onın` a`meliyatta sınalg`an ilimiy teoriyalardan quraladı: ha`r qanday teoriya basqa teoriyanı do`retiwshi bir tutas a`meliyat mazmunı yamasa izshilligin belgileydi. Metod wazıypasın orınlaydı.

Metodlardın` klassifikatsiyasında onı ilimiy teoriyalar do`retiw ha`m olardın` tekseriw metodı, ilimiy juwmaqlardı bayan etiw metodı, filosofiyalıq ulıwma teoriyalıq ha`m arnawlı metodlar, ja`ne de waqıyalardı sana ha`m mug`dar boyınsha u`yreniw metodı bolıp bo`linedi. Ulıwma xarakterge iye bolg`an metodlar bolıp, ko`binese salıstırıw, analiz ha`m sintez, ulıwmalastırıw, abstraktsiyadan konkretlikke barıw, induktsiya ha`m deduktsiya h.t.b. Ha`r bir pa`nge tiyisli metodlardı ko`rsetiw mu`mkin. Mısalı formal` metodlar matematikada logikalıq biliw metodı h.t.b.

Ha`r qanday ilimnin` rawajlanıwında tariyxıy pa`nlerdi u`yreniwde metodologiya u`lken a`hmiyetke iye. Metodologiya iskerliktin` du`zilisi logikalıq biliwde logikalıq biliw metod ha`m qurallar tuwralı ta`liymat. Metodologiyalıq bilim degende:

1. Belgili iskerlıq tu`rlerinin` mazmunı ha`m izshilligin o`z ishine alg`an u`rp-a`detler ha`m normalar tu`rinde bolsa;

2. A`melde orınlang`an iskerliktin` ta`siri sıpatında ju`zege shıg`adı;

**Metodologiya** bul ilimiy biliw metodologiyası, ilimiy iskerliktin` forma ha`m metodların tu`sinemiz. Pa`nnin` metodologiyası ilimiy izertlew komponentleri – onın` ob`ekti, analiz teması, izertlew wazıypaların solardı sheshiw ushın za`ru`r bolg`an qurallardı ko`rsetedi. Bug`an qosımsha ma`seleni

sheshiw ushın bolg`an ha`rekette izertlewshinin` iskerligi tuwralı oy-pikirlerdi qa`liplestiredi.

Metodologiyanın` negizin salg`an anglichan filosofı F.Bekon bolıp esaplanadı. Ol birinshi ma`rtebe pa`ndi metodlar sisteması menen qurallandırıw kerekligi tuwralı ideyanı usındı. İlimpaz R.Dekart – biliwdin` mashqalasın ta`riypley otırıp, oylaw o`zgesheligin, onı real biliw arqalı tu`siniwge boladı degendi anıq tu`sindiredi. Nemets filosofı İ.Kantqa shekem metodologiya mashqalası biliw teoriyası menen birge dep tu`sinik berilip keldi. Kant bolsa birinshi ma`rtebe bilimnin` ob`ektiv mazmunı menen forması ortasındag`ı ayrımashılıqtı ajrattı ha`m metodologiyalıq bilimnin` ayrıqsha ornın da`liyllep berdi. Nemey klassik idealistlerinin` jetisken na`tiyjesi sonday boldı, olar biliwdin` ha`m ulıwma ruwxıy iskerliktin` ulıwmalıq metodı dialektikanın` rolin ko`rsetip beredi. Ha`zirgi waqıtta metodologiya ma`selelerin Tariyx qa`nigeligi talabalarına «Tariyx oqıtıwdın` metodologiyalıq tiykarları», «Tariyx pa`ninin` metodologiyalıq tiykarları» predmetleri oqıtılmaqta.

Egerde burın metodologiya tu`sinigi ilimiy biliw iskerliginen filosofiyalıq negizleri tuwralı tu`siniklerdi o`z ishine alg`an bolsa, endi ilimnin` ko`p tarmaqlı rawajlang`an arnawlı tarawdı bildiredi. Tariyx pa`ninin` metodologiya tiykarı pa`ni ulıwma tariyxıy ilimlerdin` ja`ne de rawajlanıwının` u`lken u`leslerin qosıp, filosofiya, sotsiologiya, antropologiya, arxeologiya, etnografiya, psixologiya, lingvistika ha`m tag`ı basqalar menen tıg`ız baylanısta u`yreniledi.

## Tariyx pa`nin oqıtıwda jan`a pedagogikalıq texnologiyalar

Tariyx sabaqlarının` sapasın jaqsılaw ha`m onın` na`tiyjeligine erisiwde oqıw protsesinde ken` tu`rde qollanılatug`ın zamanago`y pedagogikalıq texnologiyalardın` metodlarınan: mashqalalı oqıtıw, modelestiriw, interaktiv, rawajlandırıwshı, shaxsqa qaratılg`an, differentsial, al`ternativalıq ha`m oyın texnologiyaların paydalanıw isleri a`melge asırıladı. İlimpazlardan G.K.Selevko,

M.V.Klarin, V.P.Bespal`ko, V.M.Manaxov, V.L.Farberman, B.Yuldashev T.Ernazarov, L.Golish, U.K.Tolipov, ha`m basqalardın` ilimiy miynetlerinde pedagogikalıq texnologiya tu`sinigi ha`m usıllarına ha`r tu`rli anıqlamalar beriledi. Texnologiyalıq metodlardı paydalanıwda oqıtıwshının` o`zi juwapker bolg`anı menen joqarıdag`ı avtorlardın` miynetlerinde pedagogikalıq texnologiyanın` to`mendegi metodların atap o`tedi: **Aqlıy hu`jim, Klaster, Qararlar shejiresi, Bilemen, biliwdi qa`leymen, Bilip aldım, Zigzak strategiyası, İnsert, Rollerde oyın, İsbilermenli, İnteraktiv, usıllar, FSMU, Akvarium, Ta`rezi, Jelpigish, Bumerang, Skarabey, Rawajlandırıwshı, Al`ternativ, Modul, Mashqalalı oqıtıw texnologiyaları h.t.b.**

Ha`zirgi zamang`a muwapıq pedtexnologiyalardan paydalanıwdın` en` a`hmiyetli talaplarınan biri oqıtıwdın` ilimiy negizleniwi. **ANIQLAMASI:** Sabaqtı rejelestiriw arqalı, belgilenip qoyılatug`ın maqsetti, wazıypanı ha`m oqıwshılardın` imkaniyatların esapqa alg`an tu`rde belgilew, onın` quramalılıg`ın anıqlaw, oqıwshılarg`a beriletug`ın tapsırma ha`m o`z betinshe islerdin` izbe-izligin saqlaw, sabaqta belgilengen wazıypalardın` na`tiyjesine erisiwdi ta`miyleytug`ın usıllar ham metodlardın` jıyındısı bolıp esaplanadı.

Sonın` ushın da talabalarg`a tariyx pa`nlerinen pedagogikalıq texnologiyalardan paydalana otırıp sabaq beriw barısında oqıtıwshılar to`mendegilerge dıqqatın awdarıwı kerek:

- mug`allimnin` oqıw materialları imkaniyatlarınan tolıq paydalanıp sabaqtı rejelestiriwdi a`melge asırıw;
- ha`r bir temanın` ma`nisin, bilimlendiriw ha`m ta`rbiyalıq imkaniyatların ashıp beriwi;
- jeke, jup-jup bolıp, toparlarg`a bo`linip, islewdi sho`lkemlestiriwdi aldın-ala rejelestiriw;
- belgili maqset tiykarında oqıwshılardın` aqılıy rawajlanıwı, dun`yag`a ko`z-qarasların ken`eytiwge imkaniyat do`retiw;

- materiallardı u`yreniw ushın pa`nge, onın` mazmunın biliwge ayırım ma`selesi ha`m temalarg`a qızıg`ıwshılıq oyatıw;

- sabaq o`tiw dawamında tema boyınsha oqıwshılardın` qanday bilimge iye ekenligin anıqlaw;

- oqıwshılardın` juwapların ta`riyplew, za`ru`r bolsa onı tolıqtırıw;

- ornı kelgende mashqalalı sorawlar qoyıw arqalı oqıwshılarda temanı u`yreniw ha`m izleniwshilikke bag`darlaw ha`m belsendiligin o`sirip barıw;

- oqıw, u`yreniw, talqılaw ushın temalardı usınıs etiw menen qatar ku`tiletug`ın na`tiyjeni aldın ala joybarlap biliw;

- oqıwshılardın` o`z betinshe islewi ushın sharayat qa`liplestiriw arqalı u`yreniletug`ın tema menen baylanıslı mashqalalarg`a o`zinin` mu`na`sibetlerin bildiriw;

- oqıw materialın ha`r ta`repleme u`yreniw, analizlew, ta`rbiyalıq ma`nisin bahalaw arqalı, oqıw jobasına, bag`darlamasına, kalendar-tematikalıq jobasına ha`r bir sabaqta a`mel qılıwı kerek. Tariyx sabag`ının rejesin du`ziwde **sabaq moduli ha`m texnologiyalıq kartadan** paydalanıladı.

Tariyxıy pa`nlerdi ha`zirgi zaman talabına muwapıq oqıtıw ku`ta` quramalı bolıp, ha`r bir pedagogqa u`lken juwapkershilıq ju`kleydi. Sebebi, jan`a pedtexnologiyadan paydalanıw arqalı jeke adamdı, jas o`spirimdi o`z betinshe pikir ju`rgiziwge, erkin pikirlew arqalı do`retiwshilikke de u`yretiledi.

Ha`r bir sabaqta ta`limnin` anıq maqseti belgileniwi, pa`n bag`darlamasında ko`rsetilgen temanın` oqıtılıwı boyınsha qanday usıldan paydlanıwı kerekligin mug`allim jeke ta`jiriybesine qaray anıqlap alıwı sha`rt.

Oqıtıw barısında mug`allim za`rurli mag`lıwmatlardı tan`lap alıwı sabaqlıqtan o`nimli paydalanıwı, ha`r temag`a tiyisli bolg`an ma`selelerdi ken` tu`rde bayan etiwi ha`m oqıwshılardın` o`zlestiriw qa`biletine sa`ykes halda pa`n boyınsha onın` mazmunın tu`siniwine ja`rdem beriwi kerek.

Tariyx pa`nlerin pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında oqıtıwda tariyxtın` xronologiyası saqlanıp, ja`miyettin` basqıshpa-basqısh rawajlanıw da`wirlerine dıqqat bergen tu`rde sabaq protsesi sho`lkemlestiriledi.

## 1.2. Tariyx oqıtıwda ma`limleme texnologiyalarının` a`hmiyeti

Tariyx pa`ninin` ayırım tarawları ha`m da`wirine tiyisli temaları boyınsha tariyx oqıtıw metodikası ha`m ayırım pedtexnologiya usılların paydalanıwdın` o`zgesheliklerine toqtap o`teyik.

**A`yyemgi du`n`ya tariyxına** tiyisli mag`lıwmatlardı oqıtıwdın` barısında to`mendegiler esapqa alınıwı kerek:

1. Tariyxıy da`wirdin` waqıtı ha`m ken`isligi;

2. Ha`r bir temada tu`sinikler, obrazlar, qubılıslardı oqıwshılarg`a jetkeriwde izbe-izlikti, tariyxıylıq, ilimiylik, a`piwayılıq ha`m tu`siniklerdin` anıq bolıwı;

3. Tariyxtı u`yreniwshilerdin` jası ha`m pikirlew o`zgesheligi, sog`an baylanıslı konkretlik, anıqlıq, emotsiyalıq qabıl etiwin esapqa alıw.

Mektep oqıwshılarına a`yyemgi da`wir boyınsha temanı tu`sindirip, bayanlap beriw barısında tariyxıy ha`diyselerdin` geografiyalıq ornın anıqlap kartadan ko`rsetiw, awız eki tu`sinik bergende obrazlı ta`rizde ta`riyplew menen qatar ko`birek su`wretler, illyustratsiyalar, aplikatsiya, miynet ha`m ko`rgizbeli qurallarının` u`lgilerin ko`rsetiledi. Komp`yuterden su`wretli, video, audio, slaydlardı, basqa materiallardı ko`rsetip o`tken maqul.

A`yyemgi da`wir tariyxın u`yreniw barısında oqıwshılarg`a sol waqıtlardı ko`z aldına elesletiw ushın to`mendegi ma`selelerdi kishi toparlarda birgelikte talqılawı:

1. Adam ha`m onın` o`mir su`riw jag`dayında o`zgerislerge ushıradıma?

2. Adam o`zinin` turmısın o`zgertiw ha`m tirishilik etiw ushın miynet etiwi kerekpe? (Sog`an jarasa miynet qualların oylap taptı, jetilistirip bardı, onı islew texnikasın o`zgertti) Adam ottan paydalanıwında nege eristi? Bul og`an ne berdi? U`y haywanların qolg`a u`yretiwine baylanıslı o`zgerisler qanday?

3. Adamnın` barlıq miynet qualları ha`mme shan`araqqa, urıwg`a, qa`wimge tiyisli boldıma?

4. A`yyemgi du`n`ya adamlarının` o`mir su`riwinde tabiyg`ıy sharayat u`lken sheshiwshi a`hmiyetke iyeme?

5. Olar aldın tayar azıq awqatlardı ta`biyattan toplag`an bolsa, keyin o`zleri o`ndire baslaydıma?

6. Texnikanın` rawajlanıwı ku`ta` a`ste-aqırınlıq penen ju`zege shıqtı. A`yyemgi adamlardın` ku`n ko`risi ushın miynet etiwi, qol ku`shinen paydalanıp islewi, a`piwayı tu`rde orınlawdı talap etti. Bul protses, ha`tteki ju`z mın` jıllıqlarg`a shekem sozıldı.

Bul faktlerdi u`yrenip ha`m juwaplar beriw ushın sabaqlıqlar ha`m qoljazbalardan paydalanıwı kerek.

Alg`ashqı ja`ma`a`t du`ziminin` temaları: Mısalı: Kelteminar ma`deniyatı, Tazabag`jap, Xorezmde A`mirabad ma`deniyatı, A`yyemgi Baqtriya, Sog`diana Chust ma`deniyatı h.t.b. u`yreniw ha`m oqıtıw barısında sabaqtın` **5+5 kishi topar** usılınan paydalanıwg`a boladı. Atap aytqanda topar oqıwshıları 3-5 ten 5 toparg`a bo`linedi. Temanın` ulıwma teksti 5 bo`limge bo`linip, ha`r bo`legi bir kishi toparg`a belgili temalar bo`listirilip beriledi. Kitaptag`ı temanın` teksti toparlar ta`repinen birgelikte oqıp u`yreniledi. Keyin ha`r topar o`zleri u`yrengen teksttin` mazmunın gezekpe-gezek so`ylep beredi ha`m oqıtıwshı juwaplardı tın`lap tiyisli reyting bahaların qoyıp, belsendilik ko`rsetkenlerdi xoshemetleydi.

-Sabaqtın` keyingi etabında «A`miwda`r`yanın` to`mengi alabındag`ı Kelteminar ma`deniyatı» - teması boyınsha to`mendegi sorawlar kartochkalarg`a jazılıp, kishi topar ag`zalarına juwaplar tabıw tapsırması beriledi:

1. Ne sebepten ha`m kim ta`repinen Kelteminar ma`deniyatı tu`sinigi payda boldı?

2. Kelteminar ma`deniyatının` izleri qaysı jerlerden tabılg`an ha`m izertlengen?

3. Tariyxshı ilimpaz S.Tolstov Kelteminar ma`deniyatına qanday jan`alıqlar kirgizdi?

4. Bul ma`deniyattın` gu`lal ıdıslarındag`ı o`zgeshelikti atap o`tin`?

5. Kelteminarlı adamlar negizgi xojalıq tarmag`ında ne menen shug`ıllang`an? (Bul usıl 5 sorawg`a, 5 juwap dep ataladı) A`yyemgi da`wirge baylanıslı ja`ne bir o`zgesheliklerden: A`yyemgi adamlardın` barlıq dıqqat itibarı o`mir su`riw ushın, azıq-awqat tabıw ushın gu`res, o`zlerinin` miynet qualların jetilisiriwge qaratıladı. So`ylewdin` qa`liplesiwi ha`m rawajlanıwı, birinshi diniy tu`siniklerdin` payda bolıwı ha`m ko`rkem-o`nerdin` da`slepki ko`rinisleri payda boladı. A`yyemgi ko`rkem-o`ner adamnın` jetilisip barıwı menen onın` an`shılıq, balıqshılıqqa tiykarlanıp payda boldı ha`m qa`wimshilik obshinası du`ziledi. Mine usı taqılettegi ma`selelerdi u`yretip, tu`sindirip, oqıwshılarg`a uqtırıp barıwda **3x3 metodı** qollanıladı. Talabalar 3 toparg`a bo`lingen tu`rde to`mendegi sorawlarg`a juwap tabıwı:

1. A`yyemgi adamlar qanday dinge ha`m nelerge isengen?
2. A`yyemgi adamlardın` su`wretlew o`neri u`lgileri qaysı jerlerden tabılg`an?
3. Bul su`wretlerde neler sa`wlelendirilgen ha`m ma`nisleri qanday?

degen sorawlarg`a juwap izlep, ha`r topardag`ı tayar bolg`an oqıwshılardan sorawg`a, juwaplar alınadı. Keyin olardın` juwaplarının` durıs-nadurıslıg`ın analizlenip, oqıtıwshı ta`repinen reyting ballar qoyıladı.

Bul sabaqtın` ja`ne de qızıq bolıp o`tiwi ushın «A`yyemgi du`n`ya tariyxı»na baylanıslı bolg`an jurnallardag`ı maqalalar ha`m su`wretli materiallardan paydalansa ku`ta` orınlı bolar edi.[3]

**Orta a`sirlerdin` tariyxı** o`zinin` ra`n`-ba`ren` tariyxıy waqıyalarına ku`ta` bay. Bul da`wirlerde ekonomikalıq, ma`deniy turmıs o`zgesheliklerge iye boldı. İri qalalardın` keskin o`siwi, ken` ko`lemli qurılıs isleri, sawda-satıq, o`nermentshilik, ma`deniyat, ilim ja`ne de ken` o`ris aldı.

[3] Мозийдан садо - 2001. й. 18-31 бет

Orta a`sirler tariyxın u`yreniwde oqıwshılarg`a to`mendegi tariyxıy qubılıslardı u`yretip barıw kerek:

- Orta a`sirlerde ko`plegen ma`mleketler ha`zirgi ma`kanlarında qa`liplesti ha`m rawajlandı.
- Orta Aziyadag`ı ellerde o`zlerinin` so`ylew tili, ma`deniyatı qa`liplesti.
- Orta a`sirdegi qalalar ko`birek sawda jollarında ayırım qorg`anlar yamasa qalalar a`tirapında qurıldı.
- Ma`mleketler arasında diplomatiyalıq, sawda-satıq ja`miyetlik-siyasiy, ekonomikalıq qatnasıqlar o`sti.

Tariyxıy qubılıslardı tu`sindiriw barısında ko`rgizbelilik, konkret bayan etiw, mashqalalı situatsiyalar, tariyxıy faktlerdi salıstırıwg`a u`lken itibar beriliwi kerek. Orta a`sir tariyxın oqıtıwda jan`a pedagogikalıq texnologiyanın` interaktiv, mashqalalı oqıtıw, sabaqtı modellestiriw usıllarınan paydalanıw na`tiyje beredi. Bul sabaqta oqıwshılar jan`a bilimlerdi alıwg`a tayarlanadı, onı o`zlestiredi, ayırım ko`nlikpeler hasıl qılınadı, o`tilgen temanı bekkemlewdi ha`m de ta`jiriybede qollanıwdı u`yrenip baradı.

Da`slep orta a`sirlerdegi ekonomikalıq rawajlanıwı boyınsha ma`sele ha`r bir temada ushırasadı. Mısalı:

1. Qalalar qurılıp, onda o`nermentlerdin` ma`kan jayları o`sedi. O`nermentshilik o`ndirisi rawajlanadı.
2. O`nimli tovar islep shıg`arıwdın` o`siwi menen sawda baylanısları ken`eyedi.
3. Natural xojalıg`ının` ornına aqsha tovar xojalıg`ı qa`liplesedi.

Orta a`sirdin` u`shinshi son`g`ı da`wirinde ma`mleketlerdegi xojalıq, ekonomikalıq qatnasıqlar tuwralı tu`sinik beriw ushın to`mendegilerge itibar qaratamız.

1. XVI-XVII a`sirlerde Orta Aziyanın` aldıng`ı ma`mleketlerinde o`ndiris ha`m ilim bir qansha rawajlandı.

2. O`ndiristin` o`siwi menen geografiyalıq ashılıwlardın` na`tiyjesinde sawda-satıq isleri ken`eyedi, ishki ha`m sırtqı bazardan du`n`ya bazarlarına shıg`arıwg`a jag`day qaliplesedi.

3. Awıl xojalıg`ı ha`m o`ndirislıq qatnasıqları rawajlandı.

Tariyx sabaqlarının` na`tiyjeligine erisiw orta a`sir da`wirin jan`a texnologiyalar negizinde sho`lkemlestiriw ushın **«bilemen», «bilgim keledi» «bilip aldım»** usılı ku`ta` a`hmiyetli. Bunın` ushın talabalar to`rt toparg`a bo`linedi, ha`r bir toparg`a komandanın` atın oqıwshılar o`zleri tan`laydı. Keyin taxtanı u`shke bo`lemiz. «Bilemen», «Bilgim keledi», «Bilip aldım» dep jazıladı. Tema: «Arab basqınshılarına qarsı xalıq ha`reketi». Usı temanın` jobası boyınsha oqıtıwshı awız eki bayanlap bolg`annan keyin, onı bekkemlew maqsetinde qanday tu`sinikke iye ekenligin soraydı. Oqıwshılar ta`repinen bayanlap bergenler «Bilemen» bo`limine, keyin «Bilgim keledi», «Bilip aldım» degen soraw-juwaplar topar taxtasına jazıladı. Usı waqıt arasında talabalardın` aktivligi asırılıp, ha`mmesi tolıq qatnasadı, olardın` ha`reketi, pikir bildiriwleri sheklenbeydi.

Oqıtıwshı sabaq barısında ja`ne talabalardın`, nelerdi bilgisi keletug`ını haqqında sorap baradı. Bilip alg`an oqıwshılar, belsendilik ko`rsetkenlerdin` juwapları a`dil bahalanıwı a`hmiyetli.

«O`zbekistan tariyxı», «Ja`ha`n tariyxı» pa`nlerinen sabaq beriw protsessinde bizler do`retiwshilik penen jandasıw arqalı sabaq o`tiwdin` da`stu`riy emes birqansha usıllarınan paydalanıp baramız. Mısalı: Mashqalalı oqıtıw, isbilermenlik, rollerde oyınlar, debatlar, zakawat, muzjarg`ısh, ekskursiya, do`n`gelek stol a`tirapında, sa`wbet. Press. konferentsiya, (Tariyxshılar ha`m jurnalistler), Jeke interv`yu, tarmaqlar, bumerang, B.B.B. bilmeymen, bilgim keledi, bilip aldım, aqlıy hu`jim, su`wretler galareyası, esse tan`lawı, ziyrekler

ha`m bilimdanlar, sıyqırlı qutısha, krassvord, ajayıbatlar maydanı, Muzjargısh h.t.b sho`lkemlestirse boladı.

Tariyx sabaqlarının` temasın bayanlawda onın` ta`rbiyalıq a`hmiyetin asırıw ha`zirgi ku`ndegi en` a`hmiyetli talaplardan esaplanadı. Usı maqsette tariyx sabaqlarının` ta`rbiyalıq ma`nisin, mazmunın bayıtatug`ın muqaddes dereklerimiz: Quranıy ka`rim, Ha`disiy sha`rif u`lgilerinen, ertekler, naqıl-maqallar, da`stan, rawayatlar, hikmetli so`zlerdi, a`sirese N.Xisrawdın` «Saodatnoma», İbn Sinonın` «Donishnoma», İmam al Buxariydin` «Al - adab al-mufrad», Qayhisrawdın` «Kabusnoma», Yusuf xos Xojibtin` «Qu`tadg`u bilig», V.Xoshifiydin` «Javoxirnoma», «Axloqiy Muxsiniy», A.Jomiydin` «Baxoriston», Rizoviddin Faxriddinning «Odobi ta`lim», A.Nawayının` «Maxbub ul-kulub», «Xayrat ul-abror», U.Hayyamnın` «Navruznoma» ha`m de A.Avloniy, Fitrat, Chulpon, A`jiniyaz, Berdaq, Ku`nxojalardın` shıg`armalarınan ha`m awızeki xalıq do`retiwshiliginin u`lgileri bolg`an usıllardan ken` tu`rde paydalanıwı ku`ta` a`hmiyetli.

Mısalı, O`zbekistan tariyxı pa`nine kirisiw sabag`ında studentlege Qayhisrawdın` «Kabusnoma»da mınaday hikmetli so`zlerin ma`limleme sıpatında kitaptan oqıp ha`m tu`sindirip beriledi. Qashan bolsa da, sen o`zin`de o`nerdi ko`rsen`, sag`an uqsag`anlarda bunday paziyleti bolmag`anın bilsen` o`zin`di basqalardan joqarı dep esaplaysan`, ha`m olar da seni o`zlerinen go`re ba`lent ma`rtebeli, - deb bilurlar. Paziylet ha`m danıshpanlıq penen qa`dir-qımbatı ha`m ma`rtebesi o`zgelerden joqarı bolg`anın bilip, ilim ha`m ho`nerge ja`ne ko`birek ha`reket qılg`an adam aqıllı esaplanadı. Bunday adamnın` ilim ha`m mag`ripatı ja`ne de ku`shli boladı, bunday kisi xalıq arasında qa`dir-qımbatqa, ullı abıroyg`a tez iye boladı. Bilimdi u`yreniw ushın miynat etiw, deneni erinsheklikten qutqarıw paydalı. Sebebi, erinsheklik, isjaqpaslıq denenin` buzılıwına, keselleniwine alıp keledi. Ha`r bir adam o`z denesin o`zine boysındırsa, ilim-bilimlilik ha`m o`ner u`yreniw menen eki ja`ha`nnin` baxıt

saadatın tabadı. Barlıq bilim ha`m o`nerdin` tiykarı a`deplilik, kemtarlıq, uyat, pa`klik, parhez(dieta) tutıw, biyazarlıq, sabırlılıqdur.[4] Mine bul orında kitaptan alıng`an informatsiya, mag`lıwmat jaslarımızda bilim alıwg`a, o`ner u`yreniwge bolg`an qızıg`ıwshılıqtı bekkelemlep oyatadı.

G`a`rezsizlikke eriskennen keyingi jıllarda oqıtıwdın` jan`a ma`limleme texnologiyasınan paydalanıw oqıw protsessin jetilistiriw ushın zamanago`y oqıtıw usılların engiziw, jan`a zaman talabına sa`ykes keletug`ın milliy o`zgesheliklerimizdi o`zinde sa`wlelendirgen sabaqlıqlar, oqıw qollanbaların tayarlaw isi qızg`ın ju`rgiziledi. Respublikamız Prezidenti İslam Karimov atap o`tkenindey «Da`slep eski qa`liptegi sabaqlıqlar menen zamanago`y kadrlardı tayarlap bolmaydı, birinshi gezekte biz o`zlerimizdin` sabaqlıqlarımızdı do`retiwimiz za`rur».[5] Mektep oqıwshıları, litseyler, joqarı oqıw orınları ushın «O`zbekistan tariyxı» sabaqlıqları ha`zir oqıtıw barısında ken`nen qollanılıp atır. Mısal retinde, XIX a`sirdin` ekinshi yarımı XX a`sirdin` basına shekemgi tariyxıy da`wirlerdi u`yrenetug`ın «O`zbekistan tariyxı» oqıwlıg`ının` ayırım o`zgesheliklerine ha`m belgili temada ha`zirgi zaman texnologiyalarınan paydalanıw usılları boyınsha bir temadag`ı sabaq islenbesine toqtap o`teyik.

Xalqımız tariyxının` biybaha betlerinen esaplang`an «O`zbekistan tariyxı»nın` **«1916-jıldag`ı milliy azatlıq ha`reketi ha`m onın` bastırılıwı» temasın alıp qarayıq:**

**Sabaqtın` maqseti:** 1916-jıldag`ı milliy azatlıq ha`reketi tuwralı oqıwshılarg`a mag`lıwmat beriw arqalı jaslarda Watan su`yiwshilik, sadıqlıq ha`m patriotlıq sezimlerin ta`rbiyalaw bolıp esaplanadı. Sabaq barısında onın` rejesinde to`mendegi wazıypalardı a`melge asıradı:

1. 1916-jılı Milliy azatlıq ha`reketinin` kelip shıg`ıwı sebepleri?
2. Ma`rdikarlıqqa alıw tuwralı 1916-jılı 25-iyun`dag`ı pa`rmannın` ma`nisi ha`m dizimge alıwdın` baslanıwı.

---

[4] Qobusnoma. Fors-tojik tilidan Ogohiy tarj. -T. O`qituvchi, 1974. -bet. 33-34
[5] Каримов И. Баркомол авлод орзуси. -T. : Узбекистан, 1997. / бет

3. 1916-jılg`ı qozg`alan`nın` baslanıwı ha`m onın` ayawsız bastırılıwı.

4. Oqıwshılarg`a xalıq ha`reketinin` bolıp o`tken orınların, milliy qaharmanlarının` erliklerine hu`rmet oyatıw ha`m Watanın su`yiwshilikke u`yretiw.

5. Qozg`alan`nın` keyingi awhalın tu`sindiriw.

**Sabaqtı qurallandırıw:** Sabaqlıq, tariyxıy so`zlik, «O`zbekistannın` tariyxıy tulg`aları al`bomı», karta, tablitsa, suwretler. Qollanılatug`ın interaktiv metodlar: gu`rrin`, soraw-juwap, test, klaster, «Sırlı sandıqsha» qutısı ishinde to`mendegi sorawlar jıynag`ı jazılgan kartochkalar bolıp, onı sabaq barısında tarqatıladı:

1. Milliy azatlıq ha`reketinin` baslanıw sebebi?
2. Nege milliy azatlıq dep ataladı, onın` qozg`alan`nan ayırmashılıg`ı?
3. Ma`rdikarlıqqa alıwg`a baylanıslı a`dalatsızlıq ha`m narazılıq sebebi?
4. Xalıq narazılıq ha`reketi qashan ha`m qaysı jerde baslanadı? O`zgesheliklerin tu`sindirin`.
5. Jizzax qozg`alan`ı qashan ha`m qaysı jerlerde baslanadı, basshıları kimler?
6. Bul qozg`alan`lardı bastırıwg`a qanday ku`shler jiberiledi?
7. Qozg`alan`nın` jen`ilip qalıwına ha`m qatnasıwshılardın` jawızlarsha jazalanıwına da`liyller keltirin`.

Bul sorawlarg`a juwaplar to`mendegi **xronologiyalıq tablitsanı** paydalanıw arqalı a`melge asırılıwı mu`mkin.

Abdurazak basshılıg`ındag`ı jetekshileri o`lim jazasına hu`kim etiledi. U`lkede patsha administratsiyası ta`repinen 3000 nan aslam puxara u`stinen dala sudları, 148 is qozg`alıp jazag`a tartılg`an edi. 1916-j. General gubernator qozg`alan` tamam bolg`annan keyin de avgust` ayınan baslap ma`rdikarlıqqa shaqırıwdı dawam ettirdi. 1916-1917 jıldın` 1 martına shekemgi aralıqta Tu`rkistannan 123305 adam jiberilgen, sonın` 13 mın`ı Oraylıq rayonlarg`a h.t.b.

Arqa, Batıs ha`m Tu`slik frontları, Kavkazdan baslap Sibirge shekemgi aralıqtag`ı territoriyalardag`ı zavod ha`m ka`rxanalarda jumıs isledi. Jizzax qozg`alan`ına qatnasqanlarg`a qarsı podpolkovnik Afanasev, polkovnik İvanovlardın` jazalaw otryadları urıs ha`reketinde boldı. Jazalaw otryadlarına 26-27 iyulda 3 rota qazaqlar, 3 rota saparlar, 6-shı toplı batareya, ha`mmesi eki yarım mın` adam Tashkentke jetip kelgen edi. Onlag`an awıllar o`rtep jiberildi, A`bdirazzaq basshılıg`ındag`ı jetekshileri o`lim jazasına hu`kim etildi, 3 mın`nan aslamı dala sudlarına, 148 isi jazag`a tartıldı.

Bul faktlerden paydalang`an halda usı tema boyınsha oqıwshılardı kishi toparlarg`a bo`lip, **«Aqlıy hu`jim»** texnologiyasınan paydalalanıw ushın to`mendegi sorawlardı usınamız:

1. 1916 jılg`ı qozg`alan`lar shejiresine o`zgerisler kirgizin`. Milliy azatlıq ha`reketinde qatnasqan shaxslar ha`m jolbasshılardın` dizimin islew.

2. Patsha Rossiyası ta`repinen qozg`alan`g`a qarsı ha`reket etken a`skeriy ku`shler ha`m olardın` basshıları tuwralı mag`lıwmat beriw.

3. Ma`rdikarlıqqa alıw boyınsha 1916-jılg`ı 25-iyundegi patsha pa`rmanının` ma`nisi. Bul sorawlarg`a juwaplar tayarlawda sabaqlıq ha`m qosımsha a`debiyatlardan paydalanıw za`ru`r.

Ko`binese tariyx sabaqlarında bul interaktiv usılda sabaq o`tiwdin` basqıshları 5 toparg`a bo`linedi:

1. Temanı tan`law;
2. Maqsetti belgilew;
3. Sabaqtı sho`lkemlestiriw;
4. Jihazlaw (qurallandırıw);
5. Ku`tiletug`ın na`tiyje.

Mine usı basqıshlarda oqıtıwshı interaktiv tu`rde lektsiya, seminar sabag`ında to`mendegi jumıslardı a`melge asıradı:

I. Sabaqtın` teması boyınsha sorawlar beriledi, onın` maqseti ha`m

wazıypası tu`sindiriledi. Talabalardın` sabaqtag`ı iskerligi ha`m tapsırmanı orınlawdın` jollarına tu`sinik berip, onnan ku`tiletug`ın na`tiyje qanday bolatug`ını aytıladı.

II. Tema boyınsha talabalardın` ideyaları, bilimleri sınap ko`riledi («Klaster» usılınan paydalansa boladı).

III. Talabalardın` temag`a tiyisli jazg`an juwapları, ideyaları boyınsha kishi toparlar duziledi.

IV. Sabaqtın` juwmaqları shıg`arıladı.

Ko`p jıllar dawamında tariyx pa`nin oqıtıwdın` o`zine ta`n bolg`an ta`jiriybeleri, metodları ha`m texnologiyası islep shıg`ılıp, ta`lim-ta`rbiya jumıslarında na`tiyjesin bermekte. Unamlı na`tiyjelerge erisiwdin` birden-bir maqseti tariyx sabag`ında oqıwshılarg`a teren` bilim ha`m ko`nlikpeler beriw.

Basqa pa`nler qatarı tariyx sabaqlarında ja`miyetimizde bolıp atırg`an o`zgerisler, tariyxıy waqıyalar, rawajlanıw protsessleri belgili faktler, bag`darlama, sabaqlıq, ilim, pa`n, ma`deniyat, ekonomika, siyasat, milliy g`a`rezsizlik ideyaları tiykarında tu`sindiriledi.

Ha`zirgi da`wirde sabaqtın` o`nimdarlıg`ı, sapasın o`siriw, belgili na`tiyjelerge erisiw ushın tariyx oqıtıw metodikasının` en` qolay metodlarınan paydalanıw sha`rt. Tariyx oqıtıw texnologiyası ha`m metodlarında da`stu`riy oqıtıw menen qatar, mashqalalı oqıtıw, interaktiv, differentsial, modulli, rawajlandırıwshı texnologiya, tariyx sabaqların modellestiriw, al`ternativalıq oqıtıw, kritikalıq pikirlewdi payda etiw usılların qollanıw kerek.

Ha`zirgi waqıtta bilimlendiriw protsesslerin komp`yuterlestiriw, onnan sabaqta, ta`rbiya islerinde, oqıwshılardın` bilimin qadag`alaw, o`zin-o`zi tekseriwde paydalanıw mu`mkin. Komp`yuterlerdi ilimiy izertlew islerinde a`meliy, labaratoriyalıq jumıslarda, o`z betinshe jumıslardı orınlawda paydalanıw kerek.

Kitap ha`m oqıw materialı ha`r qanday bilimnin` janı ha`m ju`regi, ha`r qanday pa`nnin` deregi bolıp esaplanadı. Kitaptı u`yreniw, kitaptı oqıw, aqıl miynetinin` belgili maqsetke qaratılg`an forması.

Prezidentimiz İslam Karimov «Ha`mmemizge ma`lim, ta`lim, bilimlendiriw sabaqlıqtan baslanadı. Ashshı bolsa da ta`n alıwg`a ma`jbu`rmiz, derlik barlıq tarawda sabaqlıqlarımızdın` awhalı bu`gingi ha`m erten`gi ku`n talaplarının` da`rejesinde emes. Eski qa`lipte, qatag`anlıq da`wirinde jazılg`an sabaqlıqtan paydalanıp, eski idealogiyadan qutılmastan, balalarımızdı jan`asha pikirlewge u`yrete almaymız. Bunı ha`mmemiz tu`siniwimiz, an`lap jetiwimiz kerek».

Sonın` menen qatar jurtbasımız «Biz sabaqlıqlardı do`retiwge en` aldın`g`ı ha`m a`diwli, sharapatlı wazıypa sıpatında qarawımız, jaqsı sabaqlıq jazg`an adamlardı basımızg`a ko`teriwimiz kerek».[6]

Demek ta`lim ha`m bilimlendiriwde, pa`nlerdi oqıtıw texnologiyalarında sabaqlıqlardın` a`hmiyeti ku`ta` za`ru`rli. Tariyx pa`nlerinen sabaqlıqlar jazıw ha`m basıp shıg`arıw, onı ken` tu`rde paydalanıw, ilimpazlardan, oqıtıwshılardan u`lken juwapkershilikti talap etedi. Tariyx sabag`ının` mazmunın jetilisiriw, jaqsılaw, sapalı oqıtıw ushın a`lbette sabaqlıqtın`, kitaplardın`, baspa shıg`armalarının` a`hmiyeti ja`ne de artıp baradı.

Ataqlı pedagog ha`m ilimpaz Rizouddin ibn Faxriddin «Odobi ta`lim» degen tu`rkiy tilinde jazılg`an miynetinde sabaq beriw usıllarının` en` dıqqatqa ılayıqlarınan biri kitaptan paydalanıwdın` a`hmiyeti haqqında ken` tu`rde toqtap o`tken edi, yag`nıy «Eger de ta`lim kitaptan bolatug`ın bolsa, sol kitaptın` sabaq ushın jazılg`an bolıwı ha`m ta`lim alıwshının` onı tu`sinip qabıllawı ha`m bilimin o`siriwge ja`rdemlesiwi kerek, qanday pa`n bolsa da, sabaqlıq kitabı ayrıqsha sa`wbetler, tartıslar ha`m tu`sinbewshilik, qarama-qarsılıqlardı keltirip shıg`armawı kerek. Eger de sabaqlıqtı ku`ta` qısqa tu`rde, pa`nnin` bag`darı

[6] Барқамол авлод орзуси Тошкент 1999. ж. 14 бет

filosofiyasınan parqsız jazılsa, yamasa pa`ndi oqıtıw usılınan uzaqlasqan tu`rde pa`nge tiyisli emes, aralas ta`rtipte bolsa, ol kitap sabaqlıq sabaqqa tayarlanıwı ushın jumıstı neden kitabı bolmaydı»[7].

Pa`ndi oqıtıw usılların ja`ne de jetilistirip barıw ushın sabaqlıqlar, tariyxıy-ilimiy maqala, a`debiyatlarg`a bolg`an talap ha`zirgi ku`nimizde de artıp barmaqta. Oqıw orınlarında tariyxıy a`debiyatlardan paydalanıw arqalı **sabaqqa tayarlanıw** pedagoglardın` en` a`hmiyetli wazıypası ha`m minneti.

A`lbette oqıtıwshının` pa`ni boyınsha, standartlar, pa`n bag`darlaması, is da`stu`ri, kalendar` tematikalıq rejesi, a`sirese sabaqlıg`ı, metodikalıq qollanbaları bolıw sha`rt. Ja`ne de ko`pshilik oqıtıwshılar ko`plegen tariyxıy a`debiyatlar, ilimiy maqalalar, oqıw metodikalıq ko`rsetpeler ha`m ha`r bir temag`a tiyisli ko`rgizbeli qurallarınan paydalanıw kerek. Keyin barlıq jıynalg`an materialların ulıwmalastırıp sabaqqa tayarlanadı. Sabaqtı neden baslaw kerek, qanday metodtan paydalanasız? Birinshi gezekte sabaqlıq, lektsiya teksti ha`m onın` joybarı kerek.

1. Sabaqlıq – mug`allimnin` sabaqqa tayarlanıwındag`ı en` a`hmiyetli quralı bolıp esaplanadı. Sabaqlıq qanshelli jaqsı jazılsa pa`nnen o`tiletug`ın sabaqta ha`r tu`rli metodlardan paydalanıwg`a sonshelli ken` jol ashıladı.

2. Sabaqlıq mektepte oqıtıwshı ha`m oqıwshıg`a bilimlendiriw isindegi bag`darlawshı tiykarg`ı normativ hu`jjet bolıp tabıladı. Onda sabaqtın`, o`tiletug`ın pa`nnin`, temanın` maqseti ha`m wazıypaları, didaktikalıq talaplar ha`m ko`plegen pa`ndi izertlewshi-u`yretiwshi oqıtıwshılardın`, ilimiy izertleniwlerinin` juwmaqları o`zinin` sa`wlesin tapqan. Sonlıqtanda mug`allimler sabaqlıqtan paydalanıwda o`tiletug`ın sabaqtın` tiykarg`ı ideyasın, bag`darın anıqlaydı, teksti menen tanısadı, mazmunın u`yrenip shıg`adı. Sabaqlıqtan paydalanıw barısında oqıtıwshılar to`mendegilerge itibar beredi:

3. Ma`selenin`, temanın` metodikalıq tiykarları;

[7] Шарқ юлдузи. 1994. ж. №3-4. 162 бет

4. U`yreniwdin` didaktikalıq maqsetleri;

5. Materiallardın` logikalıq, du`zilisi ha`m metodikalıq qayta isleniwi;

6. Oqıw diziminde tariyx predmetinde sol temanın` ornı;

7. Sabaqlıqta oqıwshılar ushın jas o`zgesheligine, tu`siniksiz bolg`an, jan`a mag`lıwmatlardın` temanı u`yreniwdegi o`zgesheligi;

8. Mine sonnan keyin oqıtıwshı o`zine kerekli sabaq temasın u`yrenip shıg`arıw barısında onın` mazmunın ashıp beriw ushın oqıp u`yrenip, ug`ıp aladı. Bunnan son`g`ı etapta: sabaqlıqta temag`a baylanıslı materiallardı analizlep, neler berilgen, qalay berilgen, bular nege qaratılg`an, ne ushın olay, basqasha emes, nelerdi paydalanıw kerek, onın` mag`lıwmatları jetkiliklime? - degen sorawlarg`a juwap tabamız. Bular sabaqtın` maqsetin anıqlawg`a ja`rdemlesedi.

Solay etip sabaqtın` maqsetin temanın` jobası, sabaq materialı negizinde anıqlaw ushın:

Temanın` yadrosı, ideyaları, kerekli tu`siniklerin paydalanıp analizlew tiykarında teksttegi materialg`a sa`ykes keletug`ın maqsetlerdi ayırım-ayırım bo`leklerge bo`liw.

Temag`a muwapıq teksttin` baspaları menen baylanıslıg`ın anıqlaw. Analizlengen materiallardan onın` maqsetke muwapıqlıg`ın ayırıp, ulıwmalastırıp jazıw. Tariyx sabaqlıqlarına tayarlanıw barısında oqıtıwshılar tema boyınsha tu`sindiriw, bayanlaw ushın oqıwlıqtag`ı materialdı jaqsı o`zlestirip, o`zinin` sanasına sin`dirip alıwı sha`rt. Awızeki bayanlawda oqıtıwshının` so`z sheberligi, bilimi, ta`jiriybesi u`lken a`hmiyetke iye.

Sabaqlıqta material belgili izbe-izlikte, logikalıq baylanısta bolıp bayanlanadı. Oqıtıwshının` teksti tu`siniwi menen sabaqlıqtag`ı logikalıq baylanıs, onı tu`sindiriw arasında o`zgeshelik bolatug`ını so`zsiz. Temadag`ı tu`sinikler onı tu`sindirip beriw menen baylanıslı, faktler anıq ideyalar tolıq temanın` mazmunı tolıq ashılıwı za`rur.

Tariyx pa`nin oqıtıw barısında mug`allimnin` sabaqtag`ı kirisiw so`zinde.

Burıng`ı o`tilgen tema menen jan`a temanı baylanıstırıwı.

Temanın` a`hmiyetin atap o`tip, onı u`yreniwdegi maqsetin bayanlıwı.

Jan`a materialdı oqıwshılar qollanıwı ushın mug`allim emotsionallıq tayarlıqtı qa`liplestire biliwi, dıqqatın o`zine qaratıwı sha`rt.

Bunın` ushın bolsa mug`allimler tariyx sabag`ında bayanlaw barısında bir a`hmiyetli faktke, tariyxıy waqıyag`a, ma`selege, mashqalag`a, protsesske, qubılısqa ayırım tariyxıy shaxstın` o`mirine ha`m basqalarg`a itibarın qarata biliwi kerek.

Oqıwshılarg`a tu`sindiriletug`ın mag`lıwmatlar qısqa, tu`sinikli ha`m mazmunlı, o`zine tartarlıqtay bolıp beriledi. Geypara waqıtları sabaqqa tayarlanıw barısında qosımsha materiallar, mısallar, faktlerdi ashıp beriwge tuwra keledi. Onın` ushın oqıwshılardın` tayarlıq da`rejesi, bilimi, qızıg`ıwshılıg`ı, konkret oqıw situatsiyası esapqa alınadı. Ha`tteki oqıtıwshının` jeke eruditsiyası, tayarlıg`ı, metodikalıq usılının` roli de sheshiwshi boladı. Sonın` sebebinen ha`r bir oqıtıwshı tariyx pa`ninin` sabag`ına tayarlıq ko`riwdin` ratsional, sınalg`an, na`tiyje beretug`ın formalarınan paydalanıwı za`rur. Biraq oqıtıwshı tekstine yamasa sabaqtı tu`sindiriwde qollanatug`ın qosımsha mısallar ha`m materiallardı keltiriwde ayırım qıyınshılıqlarda ushıraydı.

Tariyxıy qubılıslardın` a`hmiyetin tu`siniw kerek.

Oqıwlıqta ku`ta` tolıq tu`rde faktler ha`m tu`sinikler bolmasa:

1. Tili ha`m leksikalıq jaqtan qıyın bolıw

2. Da`liyllewlerdi ja`ne de bayıtıp, qosımsha mag`lıwmatlar menen qosıw, tolıqtırıwdı talap etedi.

## 2-bap. Tariyx pa`nlerin oqıtıwdı jetilistiriwde ma`limleme texnologiyalarinan paydalanıw

### 2.1. Sabaqqa tayarlanıw ha`m onı sho`lkemlemlestiriwde ma`limleme texnologiyalarınan paydalanıw usılları

Bilimlendiriw barısında, sonın` ishinde tariyx sabaqların oqıtıwda pedtexnologiyalar, metodlar, usıllardı ken` turde qollaw ushın bul protsesslerdi aldın ala proektlew isleri a`melde qollanıladı. Joybarlaw isinde ha`zir modul ha`m tex kartalardı islewge a`hmiyet berilmekte. Sabaqta ku`tiletug`ın na`tiyjenin`, orınlanıwı kerek bolg`an maqset ha`m tu`sinikler, ko`nlikpeler, belgili qa`nigelik da`rejesin alıwda:

1. Sabaqtın` forması, metodı ha`m quralların tan`law, jan`a pedtexnologiyalardan paydalanıw.

2. Belgilengen bilim, ko`nlikpeler ha`m ta`rbiyalanıw ushın qansha waqıt kerekligin anıqlaw.

3. Shınıg`ıw ha`m ameliyat ushın tapsırmalardı islep shıg`ıw ha`m paydalanıw, wazıypalardın` qanshelli durıs bag`dar alıwın belgileydi. Biz oqıw-ta`rbiya islerimizdin` na`tiyjesin bilmesek, onın` sapasın anıqlay almaymız. Sebebi pedtexnologiyalardı ken` tu`rde qollanıwda oqıw protsessin joybarlaw modelin du`ziw paydalı. Bul haqqında ko`plegen ilimpazlar B.P.Bespal`ko, M.Klarin, V.Slastenin, M.O.Ochilov, N.Saydaxmedov, K.Zaripov h.t.b. o`zlerinin` ilimiy miynetlerinde bayanlap bergen edi. Belgili oqıw sabag`ı protsessinin` joybarın islep shıg`arıw to`mendegilerden ibarat basqıshlardı qamtıydı:

1. Bilimlendiriw protsessindegi da`slepki basqıshta oqıw predmetinin` mazmunındag`ı temalar, dereklerdi u`yreniw, materiallar jıynaw ha`m teren` u`yreniwdi o`zin`izge sin`diriw kerek.

2. Predmettin` temasının` maqsetin anıqlaw, og`an erisiw jolların anıq belgilew, wazıypanı anıqlaw;

3. Bilim alıwdın` maqseti ha`m wazıypasına muwapıq tu`sinikler, ko`nlikpeler, belgili qa`niygelik da`rejesin alıwda;

4. Sabaqtın` forması, metodı ha`m quralların tan`law, jan`a pedtexnologiyalardan paydalanıw;

5. Belgilengen bilim, ko`nlikpeler ha`m ta`rbiyalaw ushın qansha waqıt kerekligin anıqlaw;

6. Shınıg`ıw ushın tapsırmalardı islep shıg`ıw ha`m paydalanıw.

**Shınıg`ıw islerinde to`mendegiler qollanıladı:**

- sabaq barısında a`melge asırılatug`ın shınıg`ıwlar;

- sabaqtan tısqarı orınlanatug`ın shınıg`ıwlar;

- jeke ta`rtipte orınlanatug`ın tapsırmalar;

7. Oqıwshılar bilimin qadag`alaw ha`m bahalaw isleri (reyting, test);

8. Joybarlastırıwdın` na`tiyjeliligin anıqlaw, analizlew ha`m juwmaqlar islew, qa`te-kemshilikleri bolsa onı du`zetiwge baylanıslı usınıslar tayarlanadı.

Joqarıda ko`rsetilgen ha`r bir basqısh wazıypaları o`z-ara baylanısta a`melge asırıladı ha`m onın` natiyjeliligine erisiw, birinshiden oqıtıwshıg`a, ekinshiden oqıwshılarg`a ha`m u`shinshiden oqıw islerinin` mekteplerde sho`lkemlestirilip, joybarlastırılıwına baylanıslı boladı. Joybarlastırıw basqıshındag`ı bahalaw kriteriyası pu`tkil bilimlendiriw protsessin o`z ishine qamtıydı. Onın` tiykarg`ı wazıypası oqıtıwdın` joybarlang`an texnologiyası, onda ja`mlesken a`meldegi oqıtıw protsessin a`melge asırıwdı qadag`alaw ha`m du`zetiwge negizlengen bahalaw esaplanadı.

Usı kriteriya to`mendegi en` a`hmiyetli ko`rsetkishler menen belgilenedi.

1. O`zlestiriw ko`rsetkishi birligi (oqıwshı modulin tan`lawı)

2. A`melde orınlanatug`ın operatsiyalardı etalon (ideal modul menen salıstırıw)

3. Korrektsiya usılı ko`rsetkishin tan`law usılı.

4. Maqsetke eriskenlıq da`rejesinin` ko`rsetkishi. [8]

Ta`lim, bilimlendiriw protsessinde jan`a pedagogikalıq texnologiyalardın` roli ha`m a`hmiyeti ja`ne de artıp baradı. Oqıtıwshılar o`z na`wbetinde sabaq o`tiw usılların jetilistirip, ha`r bir iske do`retiwshilik penen qarap, pedagogikalıq sheberligin turaqlı o`sirip barıwı kerek. Sonlıqtan da tariyx pa`ni oqıtıwshıları o`zleri o`tetug`ın toparlarda oqıw protsessin modellestiriw, onın` na`tiyjelerin sabaq o`tiwge engiziwi talap etilmekte. Ko`plegen oqıtıwshılardın` ta`jiriybelerinen paydalanıp, onın` menen tanısqan tu`rde oqıw protsessinde to`mendegilerge itibar bereyik.

Pedagogikalıq protsesslerdi joybarlastırıw, proektlewdin` printsipleri sıpatında modellestiriw, proektlew ha`m konstruktsiyalaw isleri a`melge asırılıwı kerek. Sonın` ushın da tariyx pa`nleri oqıtıwda ha`zirgi zamanago`y texnologiyalarda bul usıllardı ken` tu`rde qolanıw o`zinin` na`tiyjesin beredi.

**Modellestiriwde** jan`a pedagogikalıq ob`ektti, mısalı, oqw ornı, mektepte tariyx predmeti, do`retiwdin` ulıwma ideyası, u`lgisi, modeli islep shıg`ılıwı kerek. Onın` ushın mekemenin` nızamları, ishki ta`rtip qag`ıydaları, pedagoglardın` iskerligin, jumısların belgileytug`ın hu`jjetlerdi u`yrenip shıg`adı, onı jetilistiriwge baylanıslı usınıslar beriledi. Yag`nıy isshi oqıw rejesi ha`m pa`n bag`darlamaları, qa`nigeliklerdin` pa`nge tiyisli jag`dayları, halatı analizlenedi, metodikalıq usınıslar tayarlanadı, a`sirese oqıwshılar menen a`melge asırılatug`ın ruwxıy-bilimlendiriw, ta`rbiya islerinin` is rejeleri, ilajlarının` joybarları u`yreniledi.

---

[8] Маърифат. 2006. ж. 31 май)

**Tariyx pani metodologiyası pa`ninde biliw protsesslerin u`yreniwde «Zig-zag» texnikasın qollanıwdın` texnologiyalıq modeli**

<table>
<tr><td colspan="2">Oqıtıw waqtı: 2 saat</td></tr>
<tr><td>Oqıtıw sabag`ının` du`zilisi / A`meliy shınıg`ıwdın` jobası:</td><td>1. Metod tusinigi<br>2. Metodologiya manisi<br>3. Metodika<br>4. Pedtexnoloiya ha`m onın` tu`rleri<br>5. Tariyxiy biliu</td></tr>
<tr><td colspan="2">Sabaqtın` maqseti:</i></b> Studentlerdin` tariy pani metodları xam metodolgiya haqqındag`ı bilimlerin jetilistiriw</td></tr>
<tr><td>Wazıypalar:<br>1. Tariyx panin tu`sinigin ashıp beretug`ın Metod tusinigi<br>2. Metodologiya manisi<br>3. Metodika<br>4. Pedtexnoloiya ha`m onın` tu`rleri<br>5. Tariyxiy biliu mag`lıwmatlar beriw.</td><td>Ku`tiliwshi na`tiyjeler:<br>1. Studentler metod haqqında tu`sinikke iye boladı.<br>2. Sabak protsesinde metodolgiya haqqında bilimlerge iye boladı.<br>3. Metodika ha`m onın` nızamlılıqların biledi.<br>4. Pedtexnoloiya ha`m onın` tu`rleri haqqında bilimlerge iye boladı.<br>5. Tariyxiy biliu ha`m onın` tu`rleri haqqında mag`lıwmatlarg`a iye boladı.</td></tr>
<tr><td>Oqıtıw usılları</td><td>«Zig-zag» texnikası</td></tr>
<tr><td>Oqıtıw jumısın sho`lkemlestiriw formaları</i></b></td><td>Ja`ma`a`tlik, toparlarda islesiw.</td></tr>
<tr><td>Oqıtıw quralları</td><td>Vizual materiallar, vatman, marker.</td></tr>
<tr><td>Oqıtıw sharayatları</td><td>Arnawlı texnika a`spabları menen ta`miynlengen auditoriyaları</td></tr>
<tr><td>Monitoring ha`m bahalaw</i></b></td><td>Soraw-juwap, testler, orınlang`an tapsırmalardın` na`tiyjelerin bahalaw.</td></tr>
</table>

**«Zig-zag» texnikasının` texnologiyalıq kartası**

**Bul metod oqıwshı-studentler menen topar bolıp islew, temanı tez ha`m puxta o`zlestiriwge imkaniyat beredi. Metodtın` abzallıg`ı:**

1. **Oqıwshı-studentlerde ja`ma`a`t bolıp islew ko`nlikpesi qa`liplesedi.**
2. **Temanı o`zlestiriwge sarıplanatug`ın waqıt u`nemlenedi.**

| ***Basqıshlar, Ajıratılg`an waqıt*** | **Jumıstın` mazmunı** | |
|---|---|---|
| | **Oqıtıwshı** | **Student** |
| ***1- basqısh. Oqıtıw protsessine kirisiw*** | Bes studentten ibarat bes kishi topar duziledi. Temanın` tiykarg`ı mazmunın qurawshı bes soraw a`tirapında materiallar tarqatıladı. | Bes soraw boyınsha materiallar menen tanısadı. |
| ***2-basqısh Tiykarg`ı*** | Studentlerge islenetug`ın jumıstın` mazmunın tusindiremen. Ha`r bir toparg`a ta`rtip penen bes nomer, ha`m bir tekst beremen. Ha`r bir student o`zine tiyisli tekst boyınsha ekspert boladı. | 2.1. Ha`r bir topar ag`zası ekspert qag`azına sa`ykes rawishte oqıw tekstinen kerekli mag`lıwmattı tabadı.<br><br>2.2. Ekspertler ushırasıwı. Ha`r kıylı toparlarda bir nomerin alg`an studentler birinshi, eki nomerin alg`anlar ekinshi, u`sh, to`rt, bes toparg`a birlesedi. Tek bir tekst ustinde pikir almasadı, da`slepki topar ag`zalarına mag`lıwmattı na`tiyjeli bayanlawdı birgelikte rejelestiredi.<br><br>2.3.Ekspertler o`zlerinin` da`slepki toparlarına qaytadı ha`m basqalarg`a o`zleri bilip alg`an barlıq mag`lıwmattı bayanlaydı, tu`sindiredi.(pıshqının` bir tisi sıyaqlı).<br><br>2.4.Ulıwma tema boyınsha bir-birine soraw beredi xam testlerdi sheshedi. |
| ***3- basqısh Juwmaqlawshı*** | Jumıs juwmag`ınan son` topardag`ı qa`legen studentke tema boyınsha ka`legen sorawg`a juwap beriliwi talap etiledi. | |

**«Zig-zag» metodı**

- 1-basqısh. Klasstı kooperativ (kishi) toparlarg`a bo`lin` ha`m oqıw materialın bo`lip berin`. Topardın` ha`r bir ag`zasına u`yrenip shıg`ıw ha`m topardın` basqa ag`zalarına tu`sindirip beriw ushın ha`r qıylı material ( 1-oqıwshıg`a birinshi bet, 2-oqıwshıg`a ekinshi bet ha`m basqalarg`a da usıg`an uqsas haldag`ı) bo`limleri beriledi.
- 2-basqısh. Ekspertlik toparlar oqıw materialın u`yrenedi ha`m onın` prezentatsiyasın tayarlaydı. Ekspert toparı-bul birdey oqıw materialına iye ha`r qıylı kishi toparlardın` ag`zaları. (ma`selen, 1-bet u`yreniwge berilgen oqıwshı bir A toparının` ag`zası B topardın` 1-betti u`yreniwshi ag`zası menen ushırasıp, birgelikte materialdı u`yrenip shıg`adı.) Partner - ekspertler materialdı tu`sindiriwdin` usılların, jolların anıqlap aladı. Son`ınan ekspert toparının` basqa ag`zalarına materialdı tu`sindiredi ha`m olardın` qanday da`rejede tu`sinip alg`anın anıqlaydı.
- 3-basqısh. Birgelikte oqıw (u`yreniw) ha`m tekseriw ushın o`z kooperativ toparına qaytıw. Oqıwshılar o`z kooperativ toparlarına qaytıp keledi. Usı jerde olar gezek penen bir birin u`yrenip shıqqan materialı menen tanıstıradı. Komandanın` wazıypası: ha`r bir oqıwshının` temanı tolıq bilip alıwın ta`miyenlew.
- 4-basqısh. Jeke ha`m toparlıq esap beriw. Barlıq topar onın` ha`r bir ag`zasının` materialdı tolıq biliwine juwapker esaplanadı. Topar onın` ha`r bir ag`zasınan o`z bilimin ko`rsetiwin sorawı mu`mkin. Bunı ha`r qıylı usıllar ja`rdeminde iske asırıwg`a boladı. Ma`selen: jazba tekseriw jumısın tayarlaw, bir qatar sorawlarg`a awızsha juwap beriw yamasa topardag`ı basqa ag`zalardın` u`yretken materialın tolıq prezentatsiya islewdi tapsırıw mu`mkin.

**Konstruktsiyalawda** proektlewdin` ob`ektlerinin` pedagogikalıq protsesste qatnastırıwshılar wazıypaları detallastırıladı. A`sirese sabaqtın` reje-konspekti, ta`rbiya isleri rejesi, u`yge tapsırmalardı orınlaw ha`m tapsırıw kesteleri, ha`r tu`rli didaktikalıq materiallar, sabaq kesteleri, sabaq modeli, texnologiyalıq kartalar, oqıwshılardın` ata-anaları menen baylanısları, olardın` jasaw jag`dayları

menen tanısıw ha`m basqalardı ko`rsetip o`tedi. Konstruktsiya degende ha`r bir sabaqtın joybarı, onın sostav bo`lekleri, du`zilisi tu`siniledi. Sabaqqa kirisiw aldında onı sho`lkemlestiriw, talabalardı tınıshlandırıw, mug`allim olardın` dıqqatın o`zine tartıw og`ada a`hmiyetli. Biz ko`birek jurnal toltırıw, qatnastı anıqlaw, audmtoriyanın` tayarlıg`ın anıqlawdı tu`sinemiz. Ko`pshilik sho`kemlestiriw etabında oqıwshılardın` familyaların o`ıp sha`ıradı, bul usıl geyde na`tiyje berse, geyde bermeydi, waqıt biykarg`a sarplanadı. Sonın` ushın qatnastı anıqlawda dizimge alıwdı jetilistiriw kerek. Ekinshiden, talabalar toparında «Muz jarg`ısh» texnologiyasınan paydalansa maqul boladı.

## 2.2. Tariyx oqıtıwdı jetilistiriwde komp`yuter imkaniyatlarınan paydalanıw usılları

### İnternet. Komp`yuter ha`m tariyxshı.

Respublikamız Prezidenti İslam Karimov Oliy Majlistin` XIV sessiyasında 1997 jıl «Jan`a sabaqlıqlardı zamanago`y pedagogikalıq ha`m informatsiyalıq texnologiyalardı o`z waqtında ta`miynlewdi qadag`alawımız za`ru`r»ligin ayrıqsha atap o`tken edi. Bu`gin ilimpazlar ha`m oqıtıwshılarımız aldıng`ı pedagogikalıq ha`m informatsiyalıq texnologiyalardan paydalanıp sabaqlar o`tiw menen qatar onı turmısqa asırmaqta. XXI a`sirde informatsiyalıq texnologiyalar tez pa`tler menen rawajlanıp atır.

O`zbekistan Respublikası hu`kimeti ha`m ta`lim ministrlikleri bul bag`darda ko`plegen qararlar qabıl etip, xabarlandırıw ma`limleme, bul bag`darda informatsiyalıq texnologiya boyınsha oqıw metodikalıq qollanbalar ha`m bag`darlamalar do`retildi. O`zbekistan Respublikasının` Ministrler Kabineti 2001-jıl 23-mayda «2001-2005 jıllarında komp`yuterlik ha`m informatsiyalıq texnologiyalardın` bag`darlamaların islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriw ilajları ha`m internet informatsiya, diziminen ken` tu`rde paydalanıw tuwralı» qararı qabıllandı. 2002-jıl 6-iyunda «Komp`yuterlestiriwdi rawajlandırıw ha`m kommunikatsiya informatsiyalıq texnologiyalardı turmısqa engiziw ilajları» haqqında qararı u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Bilimlendiriw dizimin reformalawda bilim beriwdin` da`rejesin metodları ha`m informatsiyalıq texnologiyalar oqıwshılarg`a bilim ta`lim-ta`rbiya beriwdin` sapasın jaqsılawg`a u`lken ta`sir etedi.

İnformatsiyalıq texnologiyalardı oqıw protsessine bilimlendiriwdi basqarıw ha`m ilimiy izertlew islerine engiziw za`rur. İnformatsiyalıq texnologiyanı engiziw ken`islikten oqıtıwdın` qa`liplesiwine alıp keldi ha`m bilimlendiriw diziminde bir qansha finans qa`rejetlerin u`nemlewge mu`mkinshilik payda boldı. Bunday ha`reket ko`plegen rawajlang`an ellerdin`

ta`jiriybesinde sınap ko`rilgen. Mısalı. AQShta aralıqtan oqıtıw texnologiyasın paydalanıw arqalı bilimlendiriwge jumsalatug`ın qa`rejetlerdin` mug`darı 30-605 to`menletilgen ha`m u`nemlendi.

İnformatsiyalıq-kommunikatsiyalıq texnologiya ja`rdeminde studentler, oqıtıwshılar ha`m ilimiy xızmetkerler xalıq-aralıq informatsiyalıq resurslardag`ı oqıw, ilimiy, metodikalıq, materiallardı du`n`ya ju`zi kitapxanalarındag`ı elektron resurs ha`m kataloglardan paydalanıw mu`mkinshiligin aladı. Bu`gingi ku`nde O`zbekistandag`ı ilimiy-texnikalıq mekemeler, kitapxanalar, informatsiyalıq-ma`limleme oraylarında da ko`plegen dereklerden paydalanıwına boladı.

Oqıw diziminde aralıqtan (distantsiya) oqıtıw, aralıqtan bilimlendiriwdin` negizleri islep shıg`ılıp atır. Usı maqsetlerde aralıqtan oqıtıw ushın elektron konferentsiyalar, virtual laboratoriya, stendler sho`lkemlestirilmekte. Solay etip, u`zliksiz bilimlendiriwdin` ken`isligi ha`m basqıshlarına o`zgerisler engizilmekte. İnformatsiyalıq texnologiya tu`sinigi belgili bir ob`ekt ushın, protsesslerge arnalg`an jan`a sapadag`ı informatsiyalardı jıynaw, qayta islew ha`m o`tkeriwdin` qural ha`m metodları protsesinin` jıynag`ı desek qa`telespeymiz. Mısalı: Studentke bilim alıw ushın kerekli oqıw materialın ha`r tu`rli usıllar menen jetkeriledi, kitap, lektsiya, oqıw, konsul`tatsiya, seminar sabag`ı, elektron oqıwlıqtı komp`yuter ja`rdeminde h.t.b. Biraq ku`tiletug`ın na`tiyje, onı qabıllawda ha`m paydalanıwda emespe? Eger de biz komp`yuter informatsiyasının` texnologiyasınan tekseriw isi, diplom isi, kurs, bakalavr jumıs, magistr dissertatsiyası ushın ko`birek derekler tawıp paydalansaq onın` sapasıda jaqsılanadı. A`lbette bul tariyx pa`nine de tiyisli.

**Jan`a informatsiyalıq texnologiyalarının` metodikası to`mendegilerden ibarat**:

-informatsiyalardı jan`asha qayta islewdin` jan`a printsipiallıg`ı ha`m metodologiyasının` pu`tin bir texnologiyalıq sistema;

-informatsiyanı qa`liplestiriw, o`tkeriw ha`m saqlawdın` bir maqsetke bag`darlanıwı.

II. Jan`a informatsiyalıq texnologiyalarının` belgilerinen:

-basqarıw texnologiyalarına jalg`anıwı;

-menedjer ha`m qa`niygelerdin` xızmetlerin intergratsiyalaw;

-sotsiallıq ortalıqtın` nızamlıqların esapqa alıw.

Ku`tilgen na`tiyje: kommunikatsiyalardın` jan`a texnologiyaları informatsiyalardı qayta islewdin` jan`a texnologiyası basqarıwdın` sheshimlerinde qararlardı qabıllawdın` jan`a texnologiyası qa`liplesedi.

İnfomatsiyalıq texnologiyalardın` to`mendegi tu`rleri boladı:

- mag`lıwmatlardı qayta islew informatsiyalıq texnologiyası;

- basqarıwdın` informatsiyalıq, texnologiyası;

- ofistin` jumısın avtomatlastırıw qabıl etiletug`ın qararlardı qollap-quwatlawdın` informatsiyalıq texnologiyası;

- ekspert sistemalarının` informatsiyalıq texnologiyası.

Ta`lim-ta`rbiya diziminde ha`m ilimiy-izertlewde informatsiyalıq texnologiyalar ha`m internetten ken` tu`rde paydalanıw jumısları u`zliksiz bilimlendiriw dizimine engizilip barılmaqta. Eger de burınları student bilim izlep oraylıq yamasa shet ellerge baratug`ın bolsa, endi bilimler, informatsiyalar jaslardın` jasap atırg`an orınlarına jetkerilip atır. Qa`legen waqıtta, qa`legen oqıw ornınan, qa`legen pa`ni, professor oqıtıwshısının` lektsiyası, sabag`ınan o`zine kerekli bilim, mag`lıwmatlardı u`yindegi komp`yuteri ja`rdeminde alıwına sharayat qa`liplesedi. Alg`an bilimi, pa`ninen o`zinin` reyting balın alıp, imtixanın tapsırıwı, oqıw ornın pitkerip hu`jjet alıwına boladı.

Jaslarımız tariyx pa`nin u`yreniw barısında da ma`limleme texnologiyaları, internet, elektron pochta ha`m kitapxanalardın` xızmetinen belsendilik penen paydalanıw kerek.

Ha`zir en` birinshi mag`lıwmatlar deregi İnternetten alınadı. Biz ma`limleme texnologiyaları ishinde internet sistemasına ha`zir ko`birek itibar berilip atırg`anın bilemiz. A`sirese talaba jaslarımız internetten o`zine kerekli mag`lıwmatlardı alıp paydalanadı. Ayırım statistikalıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda 605 jaslar internetke kirip, o`zlerinin` sabaqları ushın materiallardı tabıw ushın paydalanadı. Za`ru`r mag`lıwmatlardı izlep tabıw ushın paydalanıwshılar bir emes, ko`plegen saytlarg`a kiriwine tuwrı keledi. Ja`ne bir na`rse, talabalar saytlardı ko`rip, tanısıp barıwı ushın, ayırım waqıtları ilimge tiyisli bolmag`an, bizin` a`dep-ikramlılıg`ımızg`a, turmıs qa`lpimizge jat bolg`an, shet tillerde jazılg`an mag`lıwmatlar bolıp qaladı. A`sirese reklama, jeke xarakterdegi, kerek emes na`rseler bolsa waqtı biykarg`a ketedi.

Keyingi waqıtlarda İnternettin` ja`ne bir ta`repi «Elektron biznes»ke baylanıslı sawda-satıqqa tiyisli tillerde jazılg`an mag`lıwmatlar bolıp, bul biznes penen shug`ıllanıwshılarg`a kuta` qolaylı ha`m za`rur. [9]

İnternetten paydalanıw talaba jaslarımız ushın do`retiwshilikti, o`z betinshe islewdi, ja`ne de rawajlandırıp baradı. Mısalı, tariyx pa`ninen, a`sirese O`zbekistan  tariyxınan jan`a saytlar ashıldı. Mektep oqıwshıları, joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınları talabaları, professor-oqıtıwshılar internetten o`nimli paydalanıw kerek. Jaslarımızdın` internetten paydalanıwında qoyılg`an maqseti, qızıg`ıwshılıg`ı, du`n`yag`a ko`z-qarası ha`m jeke o`zine baylanıslı.

Usı maqsetlerdi orınlaw ushın oqıw ornı kitapxanası, informatsiya-resurs orayında aralıqtan oqıw ushın jeterli sharayıtlar boladı. A`sirese barlıq qa`niygelik pa`nlerinen elektron oqıwlıqlar, kompak-disklerde, elektron a`debiyatlar qorı, onın` elektron katalogları, virtual informatsiyalar jıynag`ın qa`liplestiriw kerek.

Ha`r bir oqıw ornında pa`nler boyınsha temalarg`a joqarı oqıw orınların birlestiredi ha`m solarg`a baylanıslı SD, mul`timediya h.t.b. toplanadı.

---

[9] Ф. Ярмухаммедов. Интернетда нималар билан машғулсиз. Маърифат, 2006. й. , 7 май)

Tariyx pa`nleri boyınsha **İnternet** diziminde to`mendegi informatsiya dereklerinen paydalanıw mu`mkin: kanal istorii – htth: II www. historyhanneb. com. Set` «İstoriya» - http II htp. com Vek dvadtsatıy Xronologiya - http II www. Courier. com.

**Komp`yuterlerdin` imkaniyatınan paydalanıp tariyx sabaqlarınan** oqıwshılardın` bilim da`rejesin asırıw, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar alıwı ushın tolıq tu`rde jag`daylar do`retilip atır.

Tariyx sabaqlıqlarında jaylastırılg`an tariyxıy mag`lıwmat, hu`jjet, karta, derek, shaxs ha`m tariyxıy waqıyanın` mazmunın u`yreniw, su`wretin ko`riw arqalı oqıwshılardın` bilimleri ja`ne de ken`eyedi.

Jan`a oqıtıy metodların paydalana otırıp oqıw protsesi ha`m onın` textikalıq imkaniyatların esapqa alıp tariyx pa`ninen bilim beriwdi joybarlaw isleri to`mendegilerdi o`z ishine aladı:

1. Oqıw materialın bayanlaw;
2. Ha`r tu`rli mag`lıwmatlardı alıw, olardı u`yrenip, analizlew arqalı bilim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqtı qadag`alaw;
3. Tapsırmalar, tariyxıy nızamlıqlar, ha`diyseler, protsessler ha`m jag`daylardın` mazmunın modellestiriw;
4. Sabaq materialların u`yreniwdi sho`lkemlestiriw;
5. O`z betinshe bilim alıw ushın za`ru`r pedagogikalıq sha`rt-sha`rayatlar qa`liplestiriw;
6. Ja`rdemshi bag`darlama negizinde islew. [10]

Oqıw sabaqlarında komp`yuterden paydalanıp joybarlaw eki tu`rge bo`linedi:

1. Komp`yuter texnologiyaları ja`rdeminde bag`darlama tiykarında paydalanıw. Mısalı, bilimin tekseriw, ko`nlikpelerin u`yreniw, olardı jeke

[10] А. Абдиқадиров. Ўкув жараениңа компьютер технологияларини қўллаш ва унинг муаммолари. - Таълим ва тарбия, журнали. 2000. й. № 1-2. 60-63 бет

u`yreniw, toparlarg`a bo`lip u`yreniw.

2. Oqıwshının` dıqqatın, este saqlaw qa`biliyetin bekkemlew, tariyxıy protsesslerdi salıstırıp u`yreniwge bag`darlaw, bilim alıw barısında ma`lim jetiskenliklerin xoshametlewdi a`melge asıradı.

Pa`nlerdi oqıtıwda texnologiyalıq qatnas islew arqalı Ma`mleketlik ta`lim standartları ha`m bag`darlama talapları tiykarında bilim beriwde qadag`alaw ju`rgiziledi. Reyting diziminin` a`meliyatqa engizilip barıwı onın` baslaması bolıp qaldı.

Tariyx pa`ninen sabaq beriw ha`m oqıtıwdı na`tiyjeli a`melge asırıw ushın to`mendegi sha`rtler qoyıladı:

1. Tariyxıy dereklerdi analizlew, ha`diyselerdin` ma`nisin, belgilerine sholıw islew;
2. Tariyxıy ha`diyselerdin` geografiyalıq ornın, kartadan ko`rsetiw;
3. Tariyxıy da`liyller, protsesslerdi shaxslardın` isin bahalap, analizlep beriw;
4. Waqıyalardı ha`m ha`diyselerdi qıyaslap salıstırıw;
5. Tariyxıy materialdı awız eki, jazba izshillik penen bayanlaw, obrazlı ta`riyplep beriw;
6. Reje-konspekt, temanı tiyisli ulıwmalastırıw, qosımsha material paydalanıp biliw;
7. Tariyxıy waqıya mazmunına tiyisli lektsiya yamasa jazba istin` jobasın du`zip barıw.

Lektsiya, kitaptan mag`lıwmat alıw, referat tayarlap biliwi, tariyxıy shıg`armanın` mazmunın u`yreniw, basqa derekler menen islep biliwi kerek.

## INTERNETTIN` UNAMLI HA`M UNAMSIZ TA`REPLERI

O`mirimiz sanawlı waqıtlardın` jıynag`ı. Danalar hikmetinde “Kimde-kim waqtın biykar o`tkerse, o`mirin biykar o`tkeripti” degen qatarlar keltirilgen.

Shan`araqta perzent du`nyag`a kelgende aldı menen ata-ana u`lken quwanıshqa bo`lenedi. Sebebi, du`nyag`a kelgen sol perzenti keleshekte ilimli, bilimli, ata-anasına miyirman, elge hadal xızmet etetug`ın insan bolıp kamalg`a keliwin qa`leydi.

Bu`gingi ku`nde a`sir texnologiyası atalg`an internet ha`r ta`repleme mag`lıwmatlarg`a bay ha`m shegarasız bolıp esaplanadı. Ha`r bir insan o`zine kerekli bolg`an materiallardı kitap betlerinen emes, endi saytlar ja`rdeminde tez waqıt ishinde tawıp almaqta. Bul birjag`ınan jaqsı. Degen menen, usı global tarmaq esaplang`an internetten kim qalay paydalanbaqta? A`ne, ma`sele usı jag`ında. Usı tiykarda to`mendegilerge na`zer taslasaq:

- internettin` ta`rtipke salınbawı- internettegi ta`rtipsiz jaylastırılg`an mag`lıwmatlardın` paydalı ya`ki ziyanlı ta`replerin ajıratıp alıwdı qıyınlastıradı;
- internetke kiriw an`sat ha`m paydalanıw ju`da` qolaylı bolıp, bunın` ushın tek g`ana arnawlı kompyuter arqalı emes, ba`lkim, zamanago`y planshetler ha`m qol telefonlarınan da paydalanıw mu`mkin;
- sheksiz auditoriya - global tarmaqta tu`rli pikir ha`m ko`z qaraslardag`ı milliardlap adamlar bar bolıp, bul sheksiz a`lemde olar tu`rli temalarda pikir alısadi, o`z-ara tartıslı ma`selelerde bellesedi;
- mag`lıwmatlardı jetkeriw og`ada tez a`melge asırıladı.

Bu`gingi ku`nde internet ayırım shaxslar ushın ideologiyalıq quralg`a aylanıp atırg`anlıg`ı heshkimge sır emes. Ma`selenin` mashqalalı ta`repi de usında. Ertede qandayda bir maqsetke erisiw ushın o`z-ara ma`sla`ha`tlesip, tiyisli bir pikirge kelgen. Ha`zir bolsa, bulardın` ornın internet iyelep atır. Yag`nıy, ha`zir internet arqalı jat ideyalardı jaslardın` sanasına ta`sir etiwi menen o`z maqsetlerin a`melge asırıw mu`mkin.

Ja`ha`n ma`limleme tarmag`ına kirip atırg`an jaslar sanı saat sayın artıp barmaqta. Usı jerde statistikalıq mag`liwmatlarg`a na`zer awdarsaq, O`zbekistanda internetten paydalanıwshılar sanı 2008-jılda 2 million bolg`an

bolsa, 2015-jilda bolsa 10,2 millionnan asqan. Olardin` ko`pshiligin jaslar quraytug`ınlig`ın atap o`tiwimiz tiyis.

Xosh, internetten kim qalay paydalanbaqta? Ha`zir jas bala da komp`yuterdi tolıq islete aladı. Bir qarag`anda, bunın` jaman jeri joqtay seziledi. Lekin, bala waqtında qadag`alap turılmasa, aqıbeti jaman bolıwı mu`mkin. Degen menen, internet alısımızdı jaqın, awırımızdı jen`illetpekte. Biraq, ayırım jaslar internetten durıs paydalanbastan, qımbatlı waqtın arzımag`an na`rselerge zaya etip atır. Sonın` ushın, ha`r birimiz janajan Watanımızdın` tınıshlıg`ı, gu`llep rawajlaniwi ushın ustaz ha`m oqıtıwshılardan alg`an ma`nawiy bilimlerimizge tayang`an halda ha`r qıylı qa`wip-qa`terlerge qarsı turıwımız kerek. Sonda g`ana biz jaslar Jurtbasshımız aytqan jarqın keleshekti jarata alamiz. Ba`rshemiz sergek ha`m qırag`ı bolayıq.[11]

## INTERNET HA`M JASLAR

Jaqında Berdaq atındag`ı Qaraqalpaq ma`mleketlik universitetinin` Jurnalistika kafedrasında "Internet ha`m jaslar" atamasındag`ı seminar-trening bolıp o`tti. Seminardı universitettin` Jurnalistika kafedrası baslıg`ı Z.Orazimbetova kiris so`z benen ashtı ha`m basqarıp bardı. Son` O`zbekistan ma`mleketlik Ja`ha`n tiller universitetinin` Audiovizual jurnalistika ha`m g`alabalıq kommunikatsiya kafedrası baslıg`ı, filologiya ilimlerinin` kandidatı dotsent N.Qasimova so`zge shıg`ıp, internettin` bu`gingi turmısımızda tutqan ornı menen a`hmiyeti haqqında aytıp o`tti ha`m ha`zirgi waqıtta ma`mleketimizde onnan paydalanıwshılar sanı ulıwma 12 millionnan aslamdı quraytug`ınlıg`ın, sonday-aq, internet materiallarınan jaslardın` durıs ha`m orınlı paydalanıw za`ru`rligi boyınsha bir qansha mag`lıwmatlar berdi.

Insaniyat ma`limleme menen tiri. O`mirimizdin` ha`tteki bir minutın informatsiyasız ko`z aldımızg`a keltiriwimiz qıyın, - deydi Qaraqalpaqstan

[11] Erkin Qaraqalpaqstan 2016j. 23- aprel`

Respublikası Ministrler Ken`esi xızmeti baslıg`ı E.Qanaatov. – Bu`gingi ku`nde informatsiya alıwdın` tu`rli usıl ha`m jolları, imkaniyatları bar. Tiykarg`ısı, durıs informatsiya menen qurallanıwımız, isenimli da`reklerge mu`ra`ja`t etiwimiz kerek. Prezidentimiz bul boyınsha "Bu`gingi ku`nde jaslarimiz tek g`ana oqıw orınlarında emes, ba`lki radio-televidenie, baspaso`z, internet sıyaqlı qurallar arqalı da ha`r tu`rli informatsiya ha`m mag`lıwmatlardı almaqta. Ja`ha`n informatsiya maydanı ku`n sayın ken`eyip baratırg`an usınday bir zamanda balalarımızdın` sanasın orap-shırmap, onı oqıma, bunı ko`rme, dep bir ta`repleme ta`rbiya beriw, olardın` a`tirapın temir diywal menen orap qoyıw, hesh gu`mansiz, zamannın` talabına da bizlerdin` alg`a qoyg`an maqsetlerimizge de tuwra kelmeydi. Nege degende, biz ma`mleketimizde ashıq ha`m demokratiyalıq ja`miyet qurıw wazıypasın o`z aldımızg`a maqset etip qoyg`anbız ha`m bul joldan hesh qashan qaytpaymız" dep bu`gingi jedel pa`t penen rawajlanıp atırg`an texnologiyalar ha`m informatsiya a`sirine durıs baha bergen.

Seminar treningte qatnasıwshılar ha`m student jaslar taraw qa`nigelerine o`zlerinin` qızıqtırg`an sorawların berip juwaplar aldı.[12]

**Komp`yuter texnologiyaları** onın` modellestiriw sistemaların qollaw oqıtıwshının` miynetin jen`illestirip, bilimlendiriwde joqarı na`tiyjelerge erisiwge boladı.

Komp`yuterlerde modellestiriw dizimi oqıtıwshının` ornın baspada ba`lkim onın` imkaniyatların ja`ne de ken`eytedi. Sebebi komp`yuter pedagogikalıq dizimnin` bir elementi bolıp, oqıtıw protsessinde materialdı tanıstıradı, pa`nnin` mazmunın ashıp beriwi, u`yreniwi, studentler alg`an bilimler ha`m ko`nlikpelerin bahalawda qollanıladı.

Oqıw orınlarında komp`yuterler arqalı:

[12] No`kis haqiyqatı. 2016. 11-fevral`

- u`yreniletug`ın pa`n boyınsha mag`lıwmatlardın` ku`ta` ko`plegen tu`rleri saqlanadı;

- oqıtıw protsessinde ta`biyiy halg`a jaqın bolg`an intelektuallıq forması bar ekenligi;

- formula, su`wret, grafika ha`m mul`timediya ja`rdeminde dawıslar ha`m grafikadan paydalanıw;

- differentsiyalasqan reyting-tekstler ja`rdeminde oqıtıwshının` bilimlerin tekseriw;

-oqıtıw materialları boyınsha talabalar bilimin ulıwma bahalaw ha`m tekseriw;

- oqıtıw na`tiyjelerin statistikalıq qayta islew, analizlew.

Bunnan tısqarı komp`yuter ja`rdeminde reyting-test dizimi arqalı studentlerdin` belgili predmet boyınsha bilimin ha`r ta`repleme tekseriwge imkaniyat payda boladı. Ha`r bir talaba ushın testlerdi tapsırıp, o`zlestiriw barısın biliwine ja`rdemlesedi.

Bizge ma`lim bolg`anınday ta`lim-ta`rbiya protsessi o`zinde u`sh o`z-ara baylanıs u`shlikte - ta`lim, ta`rbiya ha`m shaxstın` rawajlanıwın ko`rsetedi. Bul u`shlikti ta`lim protsessine ten`dey engiziw modellesken texnologiyanı qollawda a`hmiyetli. Pa`nlerdi **oqıtıw texnologiyasının` o`zgesheliklerinen** biri ta`lim mazmunın ta`rtipke salıwdan ibarat bolıp, onda bar bolg`an mag`lıwmatlardan paydalanıw kerek. Ja`ne de onı o`z betinshe ha`m erikli tu`rde tan`lap alıw, ma`mleketlik standartlar ko`leminde oqıwshılar iskerligin arttırıwg`a ja`rdem beriwine erisiw kerek esaplanadı**. Oqıw elementi** degende bar bolg`an teoriyalıq ha`m a`meliy mag`lıwmatlar, materiallar, ha`reket maqsetleri, qadag`alaw tu`rleri, sha`rt-sharayatlar, testler ha`m tapsırmalar esaplanadı.

## JUWMAQLAW

Tariyxıy bilimlendiriw barısında, sonın` ishinde tariyx sabaqların oqıtıwda pedtexnologiyalar, metodlar, usıllardı ken` turde qollaw ushın bul protsesslerdi aldın ala proektlew isleri a`melde qollanılıwı. Asirese ku`tiletug`ın na`tiyjenin`, orınlanıwı kerek bolg`an maqset ha`m tu`sinikler, ko`nlikpeler, belgili qa`nigelik da`rejesin alıwg`a erisiw.

Sabaqtın` forması, metodı ha`m quralların durıs tan`law, jan`a pedtexnologiyalardan ja`ne de ken`irek paydalanıw.

A`meliy ha`m seminar sabaqları, lektsiyalar ushın tapsırmalardı islep shıg`ıw ha`m tarqatpa materiallardan o`nimli paydalanıw, Biz oqıw-ta`rbiya islerimizdin` na`tiyjesin bilmesek, onın` sapasın anıqlay almaymız.

Oqıtıw metodikası ha`m jan`a texnologiyası haqqında ko`plegen ilimpazlar, metodistler, aldıng`ı qatar ta`jiriybeli oqıtıwshılardın` baspaso`zde, konferentsiyalarda bayanlap bergen unamlı ta`jiriybelerin teren` u`yreniwdi jolg`a qoyıw.

Respublikada islep atırg`an tariyx oqıtıwshılarının` ta`jiriybelerin uyrenip, ulıwmalastırıp ha`m ugit-na`siyatlap baratug`ın Oray sho`lkemlestiriw.

Talabalardın` bilimin qadag`alaw ha`m bahalaw islerin (reyting, test) ja`ne de jetilistirp barıw.

Tariyx pa`ninen oqıtıwdın` metodikasın ha`m bilim beriw sapasın, na`tiyjeliligin anıqlaw, analizlew ha`m juwmaqlar islew.

Oqıtıwshılardın` bilimin jetilistiriwdin diziminde bul pa`ndi oqıtıwda ha`m ilimiy izertlewlerdegi jetiskenlikler ha`m mashqalalar tuwralı usınıslar tayarlaw.

Respublikadag`ı tariyx ilimine u`les qosqan ilimpazlardın` miynetlerin jurtshılıqqa jaqınnan tanıstırıp barıw maqsetinde «Tariyxıy oqıwlar»dı sho`lkemlestiriw.

Joqarıda ko`rsetilgen ha`r bir usınıs ha`m wazıypalar o`z-ara baylanısta a`melge asırıladı ha`m onın` na`tiyjeliligine erisiw, birinshiden oqıtıwshıg`a, ekinshiden oqıwshılarg`a ha`m u`shinshiden oqıw islerinin` oqıw orınlarında sho`lkemlestiriliw sapasının` jaqsılanıwına unamlı ta`sir etedi degen umittemiz.

## Paydalangan a`debiyatlar


1. Karimov İ. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. -Tashkent: O`zbekiston, 1998.
2. Karimov İ. Yuksak ma`naviyat engilmas kuch. T., 2008
3. Begmatov A. Ma`naviyat falsafasi exud İslam Karimov asarlarida yangi falsafiy tizimning yaratilishi. -Toshkent, Fannashr, 2000
4. Askarov A. O`zbekiston mustaqillik sharoitida tarix fanining vazifalari. «O`zbekistonda ijtimoyi fanlar», 1992 yil, 7-8 sonlar.
5. Barg M.A. Kategorii i metodı istoricheskoy nauki. M., 1984.
6. Borodkin L.İ. İstoricheskaya informatika: etapı razvitiya // Novaya i noveyshaya istoriya. 1997. №1.
7. Gulıga A.V. i dr. Filosofskie problemı istoricheskoy nauki. M. . 1969.
8. Tolipov U.K., Usmonboeva M. Pedagogik texnologiyalarning tadbiqiy asoslari. -T., Fan, 2006.
9. Sultonov Sh.D. Muammoli ma`ruzalar o`tkazish va muammoli ma`ruzani tayyorlash (Uslubiy ko`rsatma) Farg`ona, 2003.
10. Amonashvili. Sh.A. Edinstvo tseli. Posobie dlya uchitelya. M., Prosveshenie, 1987. -208 s.
11. İvanov G.M. i dr. Metodologicheskie problemı istoricheskogo poznaniya. M., 1981.
12. İl`in İ.P. Postrukturalizm. Dekonstruktivizm. Postmodernizm. M., 1996.
13. Yuldashev J.E. Usmonov S.A. Pedagogik texnologiya asoslari. -Toshkent, 2004.
14. Koval`chenko İ.D. Teoretiko-metodologicheskie problemı istoricheskogo issledovaniya. // Novaya i noveyshaya istoriya. 1996. №1.
15. Matematicheskie modeli istoricheskix protsessov. M., 1996.

16. Gaffarov A, Tashpulatov B. Tarix o`qitish metodikasi. Toshkent, 2012.

17. Parfyonov İ.D. Metodologiya istoricheskoy nauki. Saratov. 2001.

18. Shermuxamedova T. Fal`safa va fanlar metodologiyasi. Toshkent, 2009.

19. M.Tojiboev, Z.İlxomov. «O`zbekiston tarixi ukitishning metodologiyasi». (Ukuv uslubiy kullanma). –T. 2005

20. M.Ochilov «Yangi pedagogik texnologiyalar» / qo`llanma. - Qarshi: Nasaf, 2000.

21. B. L. Farberman «Progressivnıe pedagogicheskie texnologii» - T. 1999.

22. G.K.Selevko «Sovremennıe obrazovatel`nıe texnologii». Uchebnoe posobie - M. : Narodnoe obrazovanie, 1998.

23. V.P.Bespal`ko «Slagaemıe pedagogicheskie texnologii». - M. Pedagogika 1989

24. V.P.Bespal`ko «Pedagogika i progressivnıe texnologii» - M. 1995.

25. M.A.Choshanov «Gibkaya texnologiya problemno-modul`nogo obucheniya». - M. : Narodnoe obrazovanie, 1996.

26. M.V.Klarin «Pedagogicheskaya texnologiya v uchebnom protsesse» - M.: Znanie, 1989.

27. M.V.Klarin «İnnovatsii v mirovoy pedagogike: obuchenie na osnove issledovaniya, igrı i diskussii». - Riga, 1995.

28. N.Saidaxmadov, M.Ochilov «Yangi pedagogik texnologiya mohiyati va zamonaviy loyihasi». - T. : XTB RTM, 1999.

29. M.G.Davletshin «Modul`naya texnologiya obucheniya». - T. 2000.

30. N.N.Azizxo`jaeva «Oqituvchi mutaxassisligiga tayyorlash texnologiyasi». - T. 2000

31. Stil Djeni, Meredis Kert, Teligl Charl`z «Osnovı razvitiya kriticheskogo mıshleniya» / Posobie v 8-mi knigax. – Bishkek: Fond «Soros-Kirgiziston», 1997-1999

32. V.A.Slastenin i dr. «Pedagogika: İnnovatsionnaya deyatel`nost`» - M. 1997.